The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 3 2007

Munamato Nemweya Mutsvene

naAndrew Murray

Kudyidzana kwakadzama, kuripo pakati pechipo chePendekosti [Mweya Mutsvené] nemunyengetero chinowanikwa mubhuku yaMabasa Avapositori, [tichitangira zvedu] muchitsauko chesere, apo muvhangeri Firipi aive aparidza nokushumira shoko zvine mutsindo namakomborero paguta reSamaria. Asika, [sokutaura kunoita Ruka pavhesi16] zvinonzi izvo, kanapo vazhinji vaive vatenda nokutendeuka paguta reSamaria, Mweya Mutsvene hauna kunge wawira pamusoro pomumwe namumwe wavo. Vakange vangobhabhatidzwa chete muzita raIshe Jesu. Vapositori vaiva Jerusarema vakati vazvinzwa kuti veSamaria vagamuchirawo Shoko raMwari vakatumira Petro naJohane kuti vanovanyengeterera kuti vagamuchire chipo cheMweya Mutsvene ''nokuti Mweya Mutsvene akanga asati awira pamusoro paani naani zvake'. Ipapo Petro naJohane vakati vasvika vakaisa maoko avo pamusoro pavo, ivo vakagamuchira Mweya Mutsvene". Simba romunyengetero iwoyu [rokunyengeterera vanhu kuti vagamuchira Mweya Mutsvene] chipo chukurusa. [Simoni akati aona kuti Mweya Mutsvene waipiwa nokuiswa kwamaoko avapositori, akavapa mari akati, *"Ndipeiwo simba iri kuti munhu wose wandichaisa maoko pamusoro agamuchire Mweya Mutsvene"* Vs 18.] Iri raive [nanhasi richiri] basa ravarume [navakadzi] vose vaive [uye vane] kudyidzana kwakadzama naKristu uye ibasa rakakodzera pakuswatudza apo ushumiri, kubhabhatidzwa, kutenda nokutendeuka kunenge kwatanga muupenyu hwomunhu.

[Mudikani] pazvipo zvose zvazvo zvomweya zvomuKereke yokutanga zvatinga shuvira kuva nazvo mudziKereke dzedu nhasi, hapana chikuru pazvose kupfuura ichi: chomunyengetero unoburutsira Mweya Mutsvene pamusoro pavatendi. Chipo ichi [chakakosha kwazvo] uye chinopiwa chete naBaba kune avo vanozvipira kuminyengetero. Avo vanoti ivo savapositori *"Hama sarudzai vamwe varume vanomwe pakati penyu vanozivikanwa kuti vakazadzwa noMweya nouchenjeri. Isu tichaisa basa iri kwavari uye ticharamba tiri pakunyengetera napakushumira shoko"* [Mabasa 6:4]. Inzwa! varume navakadzi "vacharamba vari pakunyengetera napakushumira shoko". Varume vanombosendeka zvimwe zvose padivi, vozvipira siku nesikati pakunyengetera nokushumira. Varume vaya vanoita mutsimba naMwari muminyengetero, saJakobho vagonzwikwa vachiti *"Baba handingatongokuregei muchienda kusvikira mandiropafadza"* [Genesis 32:26]. Vaya vana amai vachaita satete Hannah tigovanzwa vachiti. *"Kwete Ishe wangu ini ndiri mudzimai ane shungu pamweya. Ndanga ndisinganwi doro kana waini, asi kuti ndanga ndichidurura mwoyo wangu kuna Jehovah. Musatore muranda wenyu somukadzi akaipa; asi kuti ndanga ndichinyengeterera pano zvichibva mukushishikana nokutambudzika kwangu kukuru"* [1Samueri 1:15-16]. Chipo ichi chokuburutsira Mweya Mutsvene chinopiwa chete kune vaporofitakadzi vakaita savana Ana, mwanasikana waFanueri, worudzi rwaAsheri, shirikadzi isina kumbobva *"mutemberi asi akanamata siku nemasikati achitsanya nokunyengetera"* [Ruka 2:37].

Pakudururwazve kwoMweya Mutsvene pamusoro peimba yaKonoria weSizaria [Mabasa Avapositori chitsauko gumi], tine humwezve humbowo hukuru hwokudyidzana kuripo pakati poMweya Mutsvene nemunamato uyezve uchapupu hwakazara hwezvinouya paneuyo [kana kuti pane avo] vanozvipira kubasa iri guru romunyengetero.

Petro anoenda pamusoro pedenga reimba kunonamata ari masikati. Ari pakati-kati pomunyengetero iwoyu anoona denga richizaruka akaona chiratidzo chairatidza kucheneswawo kwavahedheni [pamweya]. Petro achiri kufunganya nokushamiswa pamusoro peichi chiratidzo varume vatatu [kana kuti toti isu nhume nhatu] dzaive dzabva kunaKonoria dzinouya neshoko kubva kuno uyo [inzwa!] "anotya Mwari ...uye ainyngeterera kuna Mwari nguva dzose" uyezve [hapano panhongonya] aiva anzwa kubva kune ngirozi ichiti "Konoria minyengetero yako nemipiro yako zvakwira kudenga sechipiriso chechirangaridzo pamberi paMwari".

Ipapo Petro akanzwa inzwi richiti "enda navo". Petro haana kupokana nazvo nokuti akange atove nechokwadi chakazara kuti uku ndiko kwaive kuda kwaMwari. [Munzwe mupositori Petro achitaura pavhesi 34, *"Zvino ndava kuziva kuti zvirokwazvo Mwari haazi mutsauri wavanhu asi anogamuchira vanhu vose vanobva kundudzi dzose, ivo vanomutya uye vanoita zvakarurama"*.

Kuda kuzere kwaMwari kunozarurirwa nokuratidzwa chete kuna

(Inoenderera Mberi Papeji 5)

Ndimwari Veshirikadzi Nenherera

Na G. Ndiriwenyu

"Naizvozvo , ndinokumbirasa zvikuru kwamuri [imi] hama dzangu, netsitsi dzaMwari kuti mupe miviri yenyu sechibairo chitsvene uye chinomufadza, uku ndiko kunamata kwenyu kwomweya. Musa[cha]rambe muchizvienzanisa namaitiro enyika ino asi mushandurwe nokuvandudzwa kwepfungwa dzenyu. Ipapo muchakwanisa kuti mugoziva kuti kuda kwaMwari ndokupi, kuda kwake kwakanaka kunomufadza uye kwakakwana" [VaRoma 12:2 ine zvakawedzerwa].

Ko nhai veduwe, ini newe sevatendi tinotenda kuna aniko? Sevatendi navashumiri veshoko roupenyu, shoko rokubwinya, shoko roruponiso tinonyatsozivisisa here uyo watinotenda kwaari kana kuti uyo watinonamata nokushumira siku nesikati. Uyu mubvunzo mukuru hama yangu kanapo taujaira uye uchitazve sowakapusa. Mubvunzo wakakosha kwazvo unodhura uye ndeuyo watinofanira kugara tichizvibvunzisisa nguva iri ipi zvayo semakristu. Sevatendi, iwe neni tingangoona somubvunzo sapasina tigopa mhinduro inoti, aikazve tinotenda kuna Mwarika. Asizve mubvunzo mukuru unotevera iwoyu ndounoti "Ko Mwari vatinotenda nokushumira ava ndianiko uye vanezviito zvakaita sei? Kuda kwavo Mwari ivava ndokupi uye tinonyatso kuziva here? Mwari ivava vanonzwa sei, vanoona sei kana takatarira chimiro chenyika yatiri kurarama nhasi. Mibvunzo iyi mikuru zvakare uye yakafanira kwazvo, nokutika zvingangodaro kuti iwe neni nedzimwe nguva sevatendi tingangozoyerekana todzirisa Mwari kusvika pachieyereso chamafungiro edu. Apo tinofananidza pfungwa dzaJehovah wamasimba ose namafungiro edu tigovaona sevari Mwari vari sesu. Tigovakurudza, kunyengetera uye kudyidzana naMwari wemafungiro edu. Mwari vagova chivakwa chepfungwa, kana kuti chiumbwa chipfungwa nemifungo yedu. Semakirstu mifungo yakadai haifaniri kupinda mudzindangariro dzedu. Mifungo yakadai inozonyanyotungamira kuchikristu chinotuma nokushandisa Mwari pano kuti ivo Mwari vatisevenzese. Apo tinoti Mwari ngavaite zvatinoda isu kwete isu kuti tiite zvavanoda. Munhu mumwe namumwe zvake [zvikuru sei samaKristu] anofanira kuva nemifungo yakatwasuka pamusoro pa Jehovha Mwari vedu. Mafambiro ako, zviito zvako uye namatauriro ako uye nazvose zvauri zvinofanira kuratidza kuti unotenda kuna Mwari vakaaita sei. Pane chirwere chava kupinda muvatsvene vanhasi, chirwere chokusatya nokudheerera Mwari.

Hama dzangu Mwari vedu ndiMwari [muutsvene hwavo hwakazara] uye tinofanira kuvaziva [nokuvabata] sekutsanangura kweshoko ravo dzvene uye sokuzvitsanangura kwavanoita. Ndiyo mhaka nei mupositori Pauro akakumbirisa zvikuru kuhama dzake kuvaRoma, mutsitsi dzaMwari kuti pfungwa dzavo dzishandurwe uye dzirege kuenzana namafungiro eino nyika. *"'Ipapo' anodaro mupositori, 'muchakwanisa kuti mugoziva kuti kuda kwaMwari ndokupi, kuda kwake kwakanaka kuno mufadza uye kwakakwana'"* [VaRoma 12:2]. SavaKristu tinofanira kudzidziswa maererano nemafambiro edu, kuti tibvise mafungire edu aye akare, anoodzwa nokuchiva kwokunyengera, asi tinofanira kuitwa vatsva mukufunga kwendangariro dzedu uye tigofuka munhu mutsva akasikwa kuti afanane naMwari mukururama kwechokwadi noutsvene. Munhu anoremekedza nokutya Mwari.

Pane imwe vhesi iri mushoko raMwari yandinofarira zvikuru iyo inotaura pamusoro poumwari noukuru hwaJehovha Mwari wedu. NdivaPisarema 90:1. Achinyora mushure mokudzamisisa ndangariro nepfungwa dzake pamusoro paMwari Mozisi anoti iye "Jehovha, imi makanga muri ugaro hwedu kubva kumarudzi namarudzi [ose]. Makomo asati avapo, uye musati mabudisa nyika nepasi rose, ***kubva kupakusingaperi kusvikira pakusingaperi imi muri Mwari***". Urikumunzwa here Mozisi kuti anoti kudii, anoti iye "kubva kupakusingaperi kusvikira pakusingaperi imi muri Mwari". Uku ndikoka kuziva uye nokugamuchira Mwari sezvavari uye sokuzvitsanangura kwavanoita mushoko ravo. Mozisi anoti iye "kubva pakusingaperi kusvikira pakusingaperi imi muri Mwari". Pozovazve nemamwe mavhesi mudikani anondibaya uye yandati timbokurukura nezvawo nhasi: NdiMapisarema 113 uye ndichangononga-nonga zvimavhesi zvishomanana chete.

Achidetemba pamberi pavaIsiraeri, zvichida vari mutemberi tsvene yaMwari, uri musi weSabata, munyori kuvaPisarema 113 pavhesi ya 5 anotanga nokutipa uyu mubvunzo, "Ndianiko akaita saJehovah Mwari wedu? Uyo anogara pachigaro chokumusorosoro, [uyo] anokotamira pasi kuti aone zviri kudenga napanyika?" Fungidziro yedu, ini newe, ndeyokuti mumitsara inotevera munyori achatiudza nezvaMwari Wamasimba ose, Mwari uyo akasika denga nepasi, Jehovha waAbrahamu, Mwari waIsaka uye Mutsvene waIsiraeri. Mwari vakayambutsa vana vaIsiraeri mugungwa dzvuku vakafamba sapanyika yakaoma, Mwari vakakonzera kumira kwezuva, muswere wose nokudanidzira kweshoko raJoshua. Mumazuva ano atiri kurarama vamwe vatendi vangangotika ewo! ndiMwari vanotipa upfumi noutano hwakazara kana tichitenda kavari zvakazara. Dzose idzi imhinduro dzezvokwadi mudikani, mhinduro dzinogutsa uye dzamazvirokwazvo.

Asika inzwa kuti Shoko raMwari rinoti kudii mumavhesi anotevera. "Iye anogara pachigaro choushe chokumusorosoro, anokotamira pasi kuti aone zviri kudenga napanyika? Anosimudza murombo muguruva, uye anosimudza vanoshayiwa kubva

(Inoenderera Mberi Papeji 3)

Mharidzo Yokuuya Kwake rinotsikiswa kamwe pamwedzi miviriuye riopihwa pachena kuna an naani anenge arikumbira neve Gospel Revivals Inc., P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878.
Mupepeti: Godfrey Ndiriwenyu.
Kero yo muZimbabwe: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com Runhare 091 929 673.
Nhengo dzeAdivisory Committee: Fortune Mate, Inock Siziba, Promise naStella Nyathi, na Maxwell Matewe

Ndimwari Veshirikadzi...

(Kubva Papeji 2)

padurunhuru ramadota; anovagadza namachinda, namachinda avanhu vavo. Anogarisa mukadzi asingabereki mumba make, samai vavana vanofara". Mupisarema iri tinowana mhinduro inokatyamadza, inobata, kunyaradza uye nokusimudzira. Mwari wedu ndiMwari "vanosimudza varombo kubva muguruva, uye vanoshaiwa kubva padurunhuru ramadota". Munyori agoendererazve mberi achiti izvo ndiMwari "vanogarisa mukadzi asingabereki mumba make, saamai vavana vanofara".

Wachiona here icho chandiri kureva nhai hama yangu? Uri kuchinzwa here icho chakavanzika pamusoro paMwari wedu. Zvanzi Mwari vedu ndiMwari anozvirerekera nzeve dzake kuvarombo uye kuvane mweya wokuzvininipisa. Kanapo achigara pachigaro choushe chokumusorosoro, anokotamira pasi kuti aone zviri kudenga napanyika? Anosimudza varombo kubva muguruva [mukutambura], uye anosimudza vanoshayiwa kubva padurunhuru ramadota; anovagadza namachinda, namachinda avanhu vavo. Anogarisa mukadzi asingabereki mumba make samai vavana vanofara.

Jehovha vedu ndiMwari womunhu wose: mupfumi, murombo, mutano, anorwara, wechidiki uye navakuru. Inzwa unzwe Jesu achitaura naNikodhimo pausiku huya apo mukuru wavafarisi uyu aive averevedza pakati pousiku kuti anonzwisisa nezveumambo hwedenga. Muhurukuro yavo Nikodhimo akasimudza rimwe shoko guru zvakare randinofarira zvikuru. Zvanzi izvo navakuru ava "Rabhi, tinoziva kuti muri mudzidzisi mukuru akabva kuna Mwari. Nokuti hakuna angagona kuita zviratidzo zvamunoita kana Mwari asinaye" Ishe havana kumbotsenga- tsenga rurimi asi kuti vakaenda pamwoyo peicho chakakosha muumambo hwaMwari. Vakamukuya-kuya kusvikira vazomupa aya mashoko agara ane simba kusvika nanhasi *"Nokuti Mwari vakada nyika nokudaro vakapa Mwanakomana wake mumwe oga , kuti ani naani [batisisa mashoko iwaya,* ***ani naani]*** *anotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi"* [Johane 3:16] KuvaGaratia Pauro agoti iye *"Imi mose muri vana vaMwari kubudikidza nokutenda muna Kristu Jesu, nokuti mose makabhabhatidzwa muna Kristu makafukidzwa naKristu. Hakuchina muJudha kana muGiriki, mutapwa kana akasununguka, murume kana mukadzi, nokuti imi mose muri vamwe muna Kristu Jesu"* [Garatia 3:26]. Mwari vedu vane mufaro mukuru kwazvo kuvarombo, nherera vanaamai uye nekuvana vadiki. Kana pane icho chakakosha chinofanira kuzivikanwa nevatsvene [uye nenyika yose zvayo] ndechokuti Jehovah wedu ndiMwari vanodisa kwazvo vana vadiki. Vana vanoyemurika uye vachazove rudzi rune uMwari [Maraki 2:13-16]. Mubhuku yaRuka Ishe Jesu vanotipa aya manzwi, *"Regai vana vadiki vauye kwandiri..."* Iyi yakave ratidzo yorudo rwaMwari kuvana saka nesuwo tinofanira kuratidza rudo rwakafanana nairworwo.

Vamwe vamwari vatinoverenga nezvavo mumabhuku akare vane ruvengo runopisa uye runokatyamadza kwazvo kuvana vadiki. Vana vadiki vaitono pisirwa kuzvimwari izvozvi pasina kusiririswa bodo. Inga kana nesu tinozvizivawo wani munhoroondo yerudzi rwedu. Vana vaionekwa sechinhu pasina uye kumamwe marudzi mumwe wamapatya aitourawa. Munyika yedu pataveri nhasi zvimwari izvozvi zvichiri kungoshanda nokunamatwa kubudikidza nevaya vanouraya vana vachiri mudzinhumbu dzavo, uye nevaya vanochekeresa. Zviito zvakadai mudikani, mweya waSatani chaiwo uye hazvienderani nechimiro chaMwari avo , vanogara pachigaro choushe chokumusorosoro, vanokotamira pasi kuti vaone nokunzwa zviri kudenga napanyika. Mwari vanosimudza varombo kubva muguruva [mukusvoorwa, nokunyenyiwa, uye vanosimudza vanoshayiwa kubva padurunhuru ramadota; anovagadzika namachinda, maiwe namachinda avanhu vavo. Anogarisa mukadzi asingabereki mumba make, samai vavana vanofara [apawo zvichireva kupindura kwake zvichemo zvevanhu vake].

Satani anovenga mhuri uye nevana vadiki. Basa rake, kubvira kumavambo, nderokuba kuuraya uye kuparadza. Shoko raMwari rinoti Satani 'imbava inongouya chete kuzoba, kuuraya nokuparadza" Asi Mwari vedu , havasiri saizvozvo, ndiBaba vanokoshesa nokudisa mhuri nevana vadiki. Mwanakomana wavo anoti iye "ini ndakauya kuti vave noupenyu uye upenyu husingaperi, hwakazara".

Vachangopedza kusika Adhamu naEva mugadheni reEdeni, chokutanga Mwari akava komborera munaizvo zvose. Wakambozvitarisisa here kuti ko chikomborero chikuru chakava chipi nhai hama? Mwari akavaropafadza akati kwavari, "berekanai muwande, zadzai nyika yose uye mubate ushe pamusoro payo". Akavapa izvozve zvinopfuura izvi. Akavapa simba namakomborero. Inzwa, akati kwavari *"Muve nesimba [ivo nevana vavo] pamusoro peshiri dzedenga napamusoro pezvisikwa zvose zvipenyu nezvinokambaira panyika"* [Genesisi 1:28]. Mamwe makomborero akazotevera mushure memwana. Mwana ndicho chakave **chokomborero** chokutanga uye nanhasi chichingori saizvozvo. Chinhu chimwe chetecho tinochiwanazve mubhuku iya yamakomborero, yaDhetoronomi, muchitsauko 28. Maiwe zvangu kani! Iyi ndiyo bhuku inonwisa mvura nokuti yakazara pfachu nezvivimbiso zvamakomborero. Pamusoro pezvo ugofunga, sokutaura kunoita mupositoro Pauro kuvaKorinde kuti *"hazvinei kuti Mwari vakativimbisa zvinhu zvizhinji zvakadii, zvose ihongu muna kristu. Uye kubidikidza naiye tinoti "Ameni" kuti Mwari akudzwe"* [2 Korinde 1:20,21], Mwari vanovimbisa kudurura [imbofungisisa kudurura] makomborero avo pamusoro peavo vanokuzvininipisa uye vanoteerera mitemo nemirairo yavo—makomborero oupfumi hunopfachukira nehumwe udobodobo hwamakomborero rufaya. Muudodorongwa hwemakomborero iwaya tinoonazve kuti chikomborero chokutanga chaive chibereko chedumbu—mwana. *"Mwari venyu vachakuisai pamusorosoro pendudzi dzose dzapanyika. Maropafadzo ose aya achauya pamusoro penyu uye achave nemi kana muchiteerera Jehovha Mwari wenyu. Mucharopafadzwa mumunda.... Uye zibereko zvomuviri wako [apa zvichireva vana vako] zvicharopafadzwa..."* [28:2-4].

Mushure maizvozvo Mwari vanohodururazve mamwe makomborero akawandisa pamusoro peavo vanovateerera

(Inoenderera Mberi Papeji 4)

Ndimwari Veshirikadzi...

(Kubva Papeji 3)

nevanoshingairira kumufadza—minda, makwai anoberekana,matengu anopfachukira nechingwa, matura akazarisisa netunotapira tapira uye nesimba rokukunda muvengi. Ose makomborero aya anouya mushure memwana uye ane chinangwa chokufadza [nokudzivirira] munhu nevana vake. Ose makomborero aya anouya semutsigiro kuicho chokutanga chakakosha, ***mwana***. Chokwadika, pamberi paMwari vedu, vana vakakosha zvikuru. Kune vamwe vedu vanovavarira upfumi nemakomborero epano pasi kutopfuura icho chinokosheswa naMwari—***mwana.*** Vanoda dzimba huru mizvambarara, nedzimota mbishi dzinovaima, asi vasingadi icho chinokosheswa naMwari—***mwana***. Vamwewo vanotouraya vana nemhaka yokuda upfumi. Mumazuva achangopfuura aya pane imwe nyaya yakabuda mumapepanhau edu yakandikatyamadza kusiririsa nekundisuwisa zvikuru. Vamwe mai vekwaChinamhora vakawanikwa vane mhoswa yokuuraye chanasikana chavo mushure mokusununguka. Mai ava vakanyatso bvuma pamberi pedare kuti vaiva vaita zvokuchidzipa chana ichi kusvikira chafa. Asi chinzwa izvo zvakazoitika. Mutongi wedzimhosva akatongera mai ava kunoshanda zvisina muripo [iya yavanoti community service muchirungu] kwemaawara anoita mazana matatu ane makumi mashanu [350], mavhiki maviri ane maminitsi makumi mashanu nemasere. Hazvina kuperera ipapo. Pasi pomusoro mumwe chetewo vamwe mai vane makore makumi maviri nemanomwe [27] vakatongerwawo maawara mazana maviri ane gumi [210] mushure mokurasa mwana wavo, vhiki imwe chete ine awara nemaminitsi gumi nemashanu. Mubvunzo wandakava nawo uye wandinovimba kuti wakave pamiromo yavazhinji, ndewokuti iwo nyika yedu ichiri kukoshesa here upenyu hwavana. Kana zvichinzi izvo ukauraya munhu mukuru [uri gandanga] unofanira kutongerwa rufu, asi ukuwo zvozonzi nemhaka yokuti wauraye chana chidiki mushure mokuchizvara, ingoshanda chete maawara mashomanana zvisina muripo zvinoreveiko nhai hama? Zvoreva here kuti vana vedu vatinozvara havana kukosha? Zvirokwazvo zvirokwazvo regai nditi ini kwamuri izvi hazvienderani neShoko uye nemifungo yaMawari zvachose. Ukaona rudzi rwomunhu rwave kuvenga nokuraya vana nokuda kwuopfumi hweino nyika chokwadi izvi hazviratidzi chimiro chaicho icho chaMwari. Ukaona vetsvene vozvomora vana mudzinhumbu dzavo nokuda kwoupfumi nezvinonaka zveino nyika—hokoyo! Ukaona vanaamai nedzihanzvadzi dzedu vosiye vana vachichema nokuda kwehuno hupenyu hwanhasi, ndapota chenjerera, kutongwa kwave pedyo. Mwari havazvidi uye zvinovatsamwisa zvikuru. Shoko guru riri rokuti vana ndeicho chinokosha pamberi paMwari.

Zvose zvedu zvatinazvo, dzimba, mota dzakanaka nedzinovaima, zvinofanira kuitirwa vana vedu kwete kutisiyisa nokutiparadzanisa nevana vedu. Kutongwa kukuru kuchawira pamusoro peavo vasingakoshesi izvo zvinokosheswa naMwari. Mwari vedu ndiMwari voupenyu, Mwari nomufaro wakazara. Ndivo muiti nomutangisi woupenyu hwose huri panyika. Vanofara zvikuru neavo vanokoshesawo upenyu hwavakasika. Mashoko anobata zvikuru ndeayo anobva mubhuku yaSamueri pachitsauko 12 vhesi ya24. Achitaura nezvokuzvarwa kwaSoromoni,munyori anoti iye "Mwari akamuda". NdiMwari vanoda vana vacheche. Ko nhai inga nesu tinozvionawo wani mukurarama kwedu kwezuva nezuva. Ndiani wedu, kunze kweuyo ane usatani, asingafariri kaya kakunyemwerera komucheche zvikuru sei uya achine zvimavende. Seni hangu mavende achana chidiki anondibatabata nokunditukunyudza. Vana vadiki ndinovada—uye ichi chipo chandinogaro tenda Mwari nacho.

Mwari vanofarira kupawo madzimai ose vana vacheche. Kana uri mubereki uye une vana ndapota ziva kuti une chipo chikuru chakakosha chakabva muruoko rwaMwari. "Vana inhaka inobva kunaJehovha, vana mubairo unobva kwaari. Akaropafadzwa ane goba rizere navo." Anodaro mambo Soromoni kuvaPisarema 127.

Mwari vedu vanofara zvikuru kuona vanababa naanamai vanoumwari uye vanokurisawo vana vavo mukutya Mwari. Inzwa kuti muporofita Maraki anoti kudii pamusoro paizvozvi "Jehovah havana kuvaita mumwe here? Panyama nemweya ndevake. Uye nemhaka yei mumwe? Nokuti aitsvaka rudzi rune umwari. Saka zvichenjerere pamweya wako, uye asaputsa sungano nomukadzi woujaya hwako" [2:15]. Zvirevo 22:6 inopa aya mashoko, *"dzidzisa mwana nzira yaanofanira kufamba nayo, uye kana achinge akura haazotsauki kubva pairi."* Inzwazve zvinotaura Mwari kuvana vaIsiraeri mubhuku yaDheturonomi, *"Isai mashoko angu aya mumwoyo yenyu nepfungwa dzenyu; asungirei pamaoko enyu sezviratidzo uye muasungire pahuma dzenyu. Adzidzisei* ***kuvana venyu*** *..."* [11:18,19]. *"Mirayiro iyi yandinokupai nhasi inofanira kuva yenyu. Uzvisimbisise kuvana vako. Taura pamusoro payo kana ugere mumba mako, uye kana uchifamba munzira, kana uchivata pasi uye kana uchimuka"* [6:5] Mwari vedu vanofara zvikuru kuona vacheche vachikura kuva vanababa navanamai vanoumwari uye vanoratidza chimiro chaicho icho chaMwari. Mwari vangafara zvikuru sei kana nesuwo savabereki tikaita saJoshua anoti iye kuvana vaIsiraeri, *"Asi kana kushumira Jehovha kusingakufadzei , zvino zvisarudzirei nhasi wamuchashumira, vamwari vaishumirwa nemadziteteguru enyu mhiri kwoRwizi kana vamwari vavAmori, munyika yamugere. Asi kana ndirini neimba yangu [apa zvichirevawo kuti neimba yangu] tichashumira Jehovha"* [24:15]. Kuva vabereki vanozvipira kushumira Mwari pamwe chete nedzimhuri dzedu. Mwari vanofarirawo kuona ino nyika ichizadzwa nokubwinya kwavo, kubwinya kunoonekera nemhodzi dzoumwari dzinokomborera. Mhodzi yomunhu inoraramira Mwari. Mwari vedu ndiMwariwo vanoda varombo, shirikadzi uye nenherera.

Mukuratidza kwavo kuti ndiMwari vane chokuita neupenyu hwenherera neshirkadzi, Jehovah vachitaura naMosis vanoti ivo "usarege kururamisira mutorwa kana nherera uye asatora nguo yeshirikadzi sorubatiso. Murangarire kuti maimbovawo varanda muIjipiti uye Jehovha Mwari wenyu akakudzikinurai kubva

(Inoenderera Mberi Papeji 5)

Munamato Nemweya Mutsvene

(Kubva Papeji 1)

Petro apo [mupositori] akange ari munguva yomunyengetero nomunamato. [Nanhasi zvichingori saizvozvo mudikani: Avo vanozarurirwa kuzvakavanzika zvaMwari ndevaya vanozvitsaura "kuenda pamusoro pedenga reimba kunonamata ari masikati" vachitsvaga ukuru hwaMwari. Avo vanoisa nyaya dzokudya padivi vozvipa nguva yokunamata vachitsvaga uso hwaMwari nokubwinya kwake. *"Danai kwandiri uye ndichakupindurai uye ndichakuudzai [batisisa shoko irori:* ***ndichakuudzai]*** *zvinhu zvikuru zvakavanzika zvamusingazivi"* anodaro Jehovah kuna Jeremiah 33:3. KuvaPisarema agoti iye *"Tarirai kuna Jehovah nokusimba rake, tsvakai chiso chake nguva dzose"* [Pisarema 105:4].

Mwari akavapa utungamiri hwose hwokuenda Sizaria, uko Peter navamwe vakanosanganiswa nevateereri vaive vakamirira uye vane nzara nenyota neshoko raMwari uye vaive vagadzirira kuzonzwa shoko kubudikidza neminamato neminyengetero . "Koniriasi akanga akavamirira uye akange akokawo hama, neshamwari dzake dzapedyo. [Verenga zvakare bhuku yaNehemiah chitsauko chokutanga kuti ugonzwa nezveutungamiri hunopiwa naMwari kuavo vanotora nguva yavo muminyengetero]. Mhinduro kuminyengetero yose iyi, chikomborero chakauya chakafukidzwa uye chakapfuurisa izvo zvose zvavaifungira; Mweya mutsvene akadururwa zvine samba nemutsindo pamusoro pavahedheni. Petro achiri kutaura..Mweya Mutsvene akauya pamusoro pavose vakanzwa Shoko. Vatendi vakadzingiswa vakange vauya naPetro vakakatyamadzwa nokuti chipo chomweya Mutsvene chakange chadururwa kunyange napavahedheniwo. Nokuti vakavanzwa vachitaura nendimi vachirumbidza Mwari [vs 44-46]. Mushumiri anonyengetera nekunamata ane mukana mukuru wokupinda mukuda kuzere kwaMwari, zvakapfuurisa kwose kuziva kwake uye anogamuchira makomborero pamusoro peizvo zvaanokumbira kana kufunga. [Ipapo Petro akati, "pano munhu here angadzivisa vanhu ava kuti vabhabhatidzwe nemvura? Vagamuchira Mweya mutsvene sezvatakangoitawo isu]. Meso aPetro aive azarurirwa kukuda kwaMwari.

Chimwezve chidzidzo chatinowana , muiyi bhuku yaMabasa Avapositori, ndechichi: minyengetero yechaunga chavatendi ine simba guru kuna Ishe wavo anobwinya. *"Ndinokuudzai zvakare kuti kana vaviri venyu mukabvumirana pane chamunokumbira kuna Baba vangu vari kudenga, muchachiitirwa. Nokuti panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu,neni ndiri pakati pavo"* [Mateo 18:19]. MunaMabasa Avapositori chitsauko gumi nembiri tine imwezve nyaya yaPetro arimutirongo atomirira kufa. Rufu rwaJakobho rwaive rwavhundutsa Kereke yose uye

(Inoenderera Mberi Papeji 6)

Ndimwari Veshirikadzi...

(Kubva Papeji 4)

ikoko. Ndokusaka ndichikurayirai kuti muite izvi. Kana uchikohwa munda wako ukakanganwa chisote, usadzokerere kundochitora. Chisiyire mutorwa, nherera kana shirikadzi, kuitira kuti Jehovha Mwari wako agokuropafadza mumabasa emaoko ako. Kana wazunza miti yako yemaorivhi , usandozunzazve rwechipiri. Siyira asara kumutorwa, nherera neshirikadzi. Kana ukakohwa mazambiringa, mumunda mako usadzokorore kukohwazve Siyira zvinosara kumutorwa, nherera neshirikadzi. Murangarire kuti maimbovawo varanda muIjipiti uye Jehovha Mwari wenyu akakudzikinurai kubva ikoko. Ndokusaka ndichikurayirai kuti muite izvi [Dhuteronomi 24:17]. *"Kunamata kunodikanwa naMwari Baba vedu kwakachena , uye kusina chakunopomerwa ndokuku: kuchegeta nherera neshirikadzi mukutambudzika kwavo uye nokuzvichengetedza kuti urege kusvibiswa nenyika"* anodaro mupositori Jakobho pachitsauko 1 ndima ya27. MuTestamente yakare muporifita Isaya anotsigirawo neaya mashoko, *"dzidzai kuita zvakarurama. Tsvakai kururamira, kurudzirai vakamanikidzwa. Dzivirira nherera, mukumbirire shirikadzi"* [1:17]. Izvi zvichireva kuti kuchengetedza vatorwa, nherera neshirikadzi, pamberi paMwari kunoonekwa sokururama.

Mupiraserema rataverenga pamusoro kutanga [113] zvinonzi izvo 'anovagaridza [zvichireva vaya vatorwa, nherera neshirikadzi] namachinda, avanhu vavo'. Inzwi rokuti 'machinda' munyaya iyi haringorevi vana vemamadzimambo, kana madzishe' chete, aiwa. Apa inzwi iri rokuti ***"machinda"*** ndeiro rinobva mushoko rechiHeberu rinoti ***"nadiv"*** richireva uyo anopa, asina kuomera, ari mupfumi, kana kuti anotambanudza ruoko rwake". Mumamwe manzwi tingati isu Mwari vari kuti ivo vachagarisa varombo, vapwere, neshirikadzi nevapfumi venyika uye neavo vanopa. Avo vano vhurira mwoyo nedzimba dzavo kuvarombo, shirkadzi nenherera. Ava ndivo machinda omunyika. Vanoratidza nezviito zvavo izvo Mwari vari kunyika yose. Chikonzer nei Mwari vakakuisa pedyo nemutorwa, nherera kana shirikadzi ndechokuti ugovabatsirawo Pauri ipapo urikushanda seruoko rwaMwari. Chivimbiso chavo Jehovha ndechokuti "Jehovha Mwari wako agokuropafadza mumabasa emaoko ako. Ndokusaka ndichikurayirai kuti muite izvi" anodaro Jehovha Mwari wako. Dai Mwari wevatorwa nherera neshirikadzi akavawo Mwari wedu uye nesuwo tigovawo izvo zvavari, kuvatorwa, nherera neshirikadzi, kuti tigorarama sezvavanoda munyika ino uye izvo zvinovafadza.Zvanzi naJehovha *"Tongai mhaka dzavasina simba nenherera; chengetedzai kodzero dzavarombo navakadzvinyirirwa. Nunurai vasina simba navanoshayiwa; varwirei paruoko rwowakaipa"* [Ps 82:3,4]Hama urangarire kuti newewo waimbovawo muranda, wezvivi, asi Jehovha Mwari wako akakudzikinura kubva ikoko. Ndokusaka vachikurayirai kuti muite izvi. Ameni [Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kuKereke].

Munamato Nemweya Mutsvene

(Kubva Papeji 5)

vonyatsoona ngozi yaive yava pamusuo. Naizvozvo mufungo wokuti Petro angangofazve kwakavamutsira kuminyegetero mikuru. *"Saka Petro akachengetwa mutirongo, asi Kereke yakanga ichimunyengeterera zvikuru kuna Mwari"* Munyengetero iwoyu wakapedza zvose. Petro akasungurwa! Paakasvika kuimba yaMaria mai vaJohane, anonziwo Mako *"kwakanga kwakaungana vanhu vazhinji vachinyengeterera"* [vs. 12].

Midhuri yamabwe, mangetani, mauto uye navachengetedzi vejeri, masuo anesimba, zvose zvakabvuma zvikazarurwa nesimba raibva kumusoro nokuda kweminyengetero. Nokuda kweminyengetero Petro akasunungurwa, ichi ndicho chokwadi chatinowana muShoko raMwari.

Pachitsauko chegumi nenhatu [13] tinopiwa mazita avarume vashanu paKereke yeAndioki vaive vazvipira kushumira Mwari kubudikidza neminyengetero nokuzvinyima chokudya. *"Mukereke yapaAndioki maiva navaporofita navadzidzisi vaiti Bhanabhasi, Simeoni ainzi Negeri, Rusiasi wokuSairini, Manaeni [akanga arerwa naHerodhi mubati] naSauro"* [vs. 1]. Pavakanga vachinamata ishe uye vachizvinyima chokudya Mweya mutsvene akavazarurira zvitsva zvourongwa hwaMwari. Akavadana vose kuti vave vashandi pamwe chete naye muzvoumambo. Paivezve nabasa raakange adanira Sauro naBhanabhasi, ndokusaka Mweya achiti *"Nditsaurirei Bhanabhasi naSauro kuti vabate basa randakavadanira"* [vs. 2].

Chijana chevarume ava kwakave kutsaura Sauro naBhanabhasi uye mushure mokunyengetererazve nokuzvinyima kudya vaviri ava vakatumwa nomweya Mutsvene parwendo rwavo. "Vakati vapedza kutsanya nokunyengeterera, vakaisa maoko avo pamusoro pavo vakavatuma. Ava vaviri vakati vatumwa noMweya Mutsvene parwendo rwavo, vakaburuka vakaenda..." Nokuda kweminyengetero vanhu vapanyika va-kava nomukana wokushanda basa raMwari. [Mudikani nyatso batisisa chinhu ichi] Kune avo vanonamata [uye vanozvipa kuminyengetero zvakaperera], Mweya Mutsvene akavapa [nanhasi anovapa] simba rokushanda basa uye kushandisa zita rake. Munyengetero ndeicho chakavandika chinovandudza sangano rinotungamirirwa kubva kumusoro, rigotumira varume vakadanwa, uye vanesimba raMwari. Kubudikidza neminamato Mweya Mutsvene anoratidza varume vaanosarudza [avo vaanoda kuti vamushandire] uye kuvatsaurira pabasa rake. Munyengetero unobatanidza Ishe ari pachigaro choushe neKereke iri pano pasi, uye Kereke iyoyo inokwanisa chete kubudikidza nesimba roMweya Mutsvene uyo unouya semhinduro kuminyengetero yedu. Patadai kutaura nazvitsauko zvose izvi tiri munhorondo yePendakosti, zvokwadi zviviri izvi zvabudiswa pachena: Pose pane minyengetero panewo huvepo hweMweya Mutsvene; Apowo pane Mweya mutsvene panekufambira mberi muminamato. Zvinhu zviviri izvi zvakabatana zviya zvokuti pose apo mweya unopiwa semhinduro kuminamato yedu, unomutsa minyengetero inotigadzirirazve kuzarurirwa neshoko rine simba raMwari nenyasha. [Zvino] Kana munyengetero raive simba raikurisa nokukundisa Kereke yokutanga , mudikani harisirizve here iro rinodiwawo muKereke yanhasi. Denga richakango zarisisa pfachu nezvikomborero zvoMweya sezvaraingoveri kubva pakutanga. Mwari vachiri kungofara nhasi kupa Mweya Mutsvene wavo kuavo vanoukumbira *"Zvino kana imi, kanapo makaipa zvenyu, muchiziva kupa zvipo zvakanaka kuvana venyu, Baba venyu vari kudenga vachapa zvikuru sei Mweya mutsvene kuna avo vanomukumbira"* [Ruka 11:13]. Mabasa edu nhasi haafambi kana asina kufemerwa kwedenga sezvazvanga zviri kubva pamazuva ePendakosti. Munyengetero ichingori iyo nzira yakadomwa yokudzirisa zvose zvikomborero zvedenga pamusoro pedu nevakatikomberedza. Mwari vachiri kungotsvaga varume navakadzi vanozvipa kuminyengetero mubasa ravo roushumiri. Mumwe namumwe wedu anemukana mukuru wokupira minamato kunaMwari uye agodzirisa makomborero pane ino nyika.

Hazviiti here nhai hama kuti tikumbire Mwari kuti chokwadi ichi chive chipenyu matiri: uye kuti hatizikuzororazve kusvikira tave vakakwana uye mwoyo yedu yazadzwa nemweya womunamato, uye kuti minyengetero chive icho chatinoverenga sechakakosha uye icho chinoremekedzwa. [Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kuKereke].

Kubva mubhuku rinonzi **"The Ministry Of Intercession"** rakanyorwa naAndrew Murray.

O Dai Taonazve Rimi Riya....

Na W.H Bathurst.

O Dai taonazve riya rimi remoto mupenyu,
Riya raibwinya muvakristu vakare zvinoupenyu;
Rakaiita upenyu hwavo hudakarire zvinhu zvedenga;
Mukutambura vakapomhodzwa, munjodzi vane kushinga.

Uripiko Baba uya Mweya, wakagara wenyu,
Badundundu raAbrahamu,ukaita ave wenyu?
Wakanyunguditsa waPauro moyo nokushurikirwa,
Asiwo nesimba dzvene achibwinya bwinya.

Nyasha dzenyu hadzisisina simba here nhasi uno,
Sapana Eriah renyu simba zuro uno achirinzwa,
Apo simba raibwinya rakaonekwa mudzimboni dzaMozisi,
Kana pana Jobho, akabatirira munguva dzomuzisi.

Rangarirai,nhai Ishe, aya mazuva akare,
Mutsiridzaizve renyu basa, nyasha dzoredzerai,
Apo kwamuri dzedu hana mukuchema tinosimudza,
Patiri wenyu Mweya mutsvene dururai.

Kubva mu***Herald Of His Coming*** yaJune 1943

Kuvimba Namwari Munguva Dzakaoma

NaRich Carmicheal

Kuti unyatsotapirirwa nenyaya inotevera tanga waverenga 1 VaKoronika 20:1-30

Upenyu hungangotiunzira mitoro nezvipingaidzo zvikuru, zvinorema, zvimwe zvingatoita tedembere kufa. Zvichida pandiri kunyora iyi nyaya newewo wakatarisana nemiedzo yakadai sekurwarirwa, rufu rwowaunodisa zvikuru, kushaika kwemari, hurombo, kusawirirana neveukama, kushungurudzwa, kusuruvara, kushaya basa kana kuva nenhinhi yomwana.....nezvimwewo zvakadaro. Kana uri pachinzvimbo chakadaro, ndinokumbira umbofunganya pamwe neni dzimwe nzira dzaungawana nadzo kudekara norusununguko runobva kunaMwari munguva idzodzi dzakadai dzokuidzwa nokuremerwa. Zvikurusei, ndinokukurudzira kuti utore muenzaniso waJehoshaphat, mambo wavaJudah, apo akange atarisana nomuvengi mukuru, asi akawana kundiso huru nokuti akatarira akavimba naJehovha Mwari wake.

Muvengi waJehoshaphat yaiva hondo huru kwazvo yakange yauya kuzomurwisa. Zvichida pane miedzo yaunosangana nayo, saJehoshaphat wangozoona ukuru hwedambudziko ririkuuya. —ugotya [vs 3], kutya nokuora moyo [vs 15],uye ugozviona usisina simba rokutarisana nehondo huru uye usisazivi chokuita [vs12].

Tarira KunaIshe Wako

Kanapo Jehoshaphati akange asisazivi chokuita nemhaka yehondo yaive atarirana nayo mberi kwake, asi akaziva kuti tariro yake yaive pakutendukira kunaMwari wake kuti awane rubatsiro. Achitya akafunga kunobvunza Jehovah wake, akadanidzira kuti Judah yose itsanye. Jehoshaphati akatsvaga Mwari mumunyengetero: Munzwe achitaura: *"Nokuti isu hatina simba rokutonga hondo huru yakadai iri kuuya kuzotirwisa. Hatizivi kuti tingaita sei asi meso edu akatarira kwamuri."* Heunoi mushonga mukuru Jehoshaphati akaziva kuti kanapo aive nesimba shoma pavavengi vake, Mwari vane simba rose rinoshamisa: *"Haiwa Jehovah Mwari wemadziBaba edu...hamusimi here Mwari wokudenga? Munotonga umambo hwose huri panyika? Simba noukuru zviri muruoko rwenyu uye hapana angagona kukukundai"* [vs 6].

Hama dzangu, kanapo iwe neni tichishaiwa njere, kunzwisisa, kushingairira, rudo, simba nezvimwe zvose zvinodiwa kukunda zvinetso zvuopenyu, Mwari wedu havazvishayi. Vanokwanisa kutikundisa ose matambudziko atinosangana nawo. Imbofungisisa neizvi zvishoma zvavari:

Vanokuchengeta uye vakazadzwa nenzwiro

"Kandai kufunganya kwenyu pamusoro pake nokuti anokuchengetai" [1Petro 5:7]. *"Nokuda kworudo rukuru rwaJehovah, hatina kuparadzwa, nokuti tsitsi dzake hadzitongoperi. Itsva mangwanani oga oga uye kutendeka kwenyu kukuru"* [Kuungudza kwaJeremiah 3:22]. Inzwazve kuti muporofita Nahumi anoti kudii, *"Jehovah akanaka, utiziro [hwedu] munguva dzokutambudzika. Anochengeta avo vose vanovimba naye"* [1:7]. Vanakomana vaKora vagoti ivo panavaPisarema 46: "Jehovha Mwari ndiye utiziro hwedu nesimba redu, ndiye mubatsiri anogara aripo panguva yojutambudzika. Naizvozvo hatizotyi...". Mudikani Jehovha ndiye nhare yavakamanikidzwa, nhare yakasimba panguva yokutambudzika. Kana uchiziva zita ravo uchivimba navo ivo Jehovha havana kumbogara vasiya avo vanomutsvaka nokuvimba navo.

Mwari vanoziva uye vanoita zvinhu zvose zvititiire zvakanaka

"Haiwa Ishe, makandinzvera uye munondiziva. Munoziva nguva yandinogara neyandinosimuka; munonzwisisa pfungwa dzangu murikure. Munonzvera kubuda kwangu nokuvata kwangu pasi; imi munoziva pfungwa dzangu dzose.Shoko risa-ti rava parurimi rwangu tarirai, imi Jehovah munoriziva rose. Munondikomberedza shure nemberi uye makaisa ruoko rwenyu pamusoro pangu" [Pisarema 139:1-5]. Mupositori Pauro agoti iye kuvaRoma *"tinoziva kuti muzvinhu zvose Mwari anoita kuti zvinhu zviitire zvakanaka kuna avo vanomuda, vaya vakadanwa sezvaakafunga"* [VaRoma 8:28].

Mwari vanesimba rose uye vanokwanisa chaizvo kutibatsira

Kuna muprofita Jeremia tinowana aya manzwi, "Haiwa Jehovah, [imi] ndimi makaita matenga nenyika nesimba renyu guru uye noruoko rwenyu rwakatambanudzwa. Hakuna chinhu chakaoma [bodo] kwamuri. [Achitsigirana neaya mashoko mupositori Pauro anoti iye, *"Zvino kuna **iye anogona** kuita zvikuru zvisingagoni kuerwa kupfuura zvose zvatingakumbira kana kufunga, maererano nesimba rake riri kushanda mukati medu"* [VaEfeso 3:20]. Ngirozi Gabhurieri achitaura naMaria anoti iye: "Nokuti hakuna chinhu chisingagonekwi naMwari".

Ishe vakatendeka uye vanovimbika kutibatsira

"... kutendeka kwenyu kukuru. Ndinoti kumwoyo wangu "Jehovah ndiye mugove wangu; naizvozvo ndichamumirira" [Kuungudza kwaJeremiah 3:23]; *"...asi Ishe akatendeka, uye achakusimbisai nokukudzivirirai kubva pano uyo wakaipa"* [1Tesaronika 3:3].

Jehovha vanesu nguva dzose

Vanakomana vaKora vachiimba muPisarema 46 yatambobata pamusoro vanotiyeuchidza aya manzwi, *"Jehovah ndiye utiziro hwedu nesimba redu, ndiye mubatsiri anogara aripo panguva dzokutambudzika"* [46:1]. [Maungira acho agonzikawo

(Inoenderera Mberi Papeji 8)

(Kubva Papeji 7)

muTestamente itsva kuvaHeburu 13:5; *"Mugutsikane nezvamunazvo, nokuti Mwariu akati iye 'Handingatongokusiyei; uye handingatongokurasei.'"* Mudikani Jehovah ndiye utiziro hwedu uye ndiye ibwe redu rokuhwanda, ndiye muponisi wedu nemudziviriri wedu nguva dzose. Naizvozvo *"tinokwanisa kuvimba naye nguva dzose"* [Ps 62:6-8]. Dai vakasimuka uye vavengi vake vagoparadzwa [Ps 68:1].

Dokwairira Shoko raMwari

Paakatanga kutsvaga uso hwaMwari, Jehoshaphati akasvike pachimwe chinhanho apo Mwari vakagoverana shoko ravo nevanhu vavo. Mweya Mutsvene wakawira pamusoro paJahazieri mwanakomana waZekaria, [mwanakomana waBhenaya, mwanakomana waJeyeri, mwanakomana waMatania muRevhi uye ari chizvarwa chorudzi rwaAsafi paakanga akamira muungano] uyo akataura kuvanhu achiti, *"Teerera mambo Jhoshaphati navose vaogara muJudha neJerusarema! Zvanzi na naJehovah kwamuri, Musatya kana koura mwoyo nokuda kwehondo iyi huru, nokuti kurwa uku hakusi kwenyu, asi ndokwaMwari. Mangwana dzikai monuvarwisa. Tora nzvimbo dzenyu; mumire makasimba mugoona kununurwa kwamuchapiwa naJehovah, imi Judah neJerusarema. Musatya musaora mwoyo, endai mundovarwisa mangwana , uye Jehovah achava nemi"* [vv14-17]. Mukutambira aya manzwi anonyaradza, *"Jehosaphati akakotamisa chiso chake pasi uye vanhu vose vakawira pasi vachinamata pamberi paJehovah. Ipapo vaRevhi vakasimuka vakarumbidza Jehovah, Mwari waIsiraeri nenzwi guru kwazvo"* [vv18,19]. Mambo akakurudzira vanhu vake kuti vaise vimbo yavo yose munaMwari uye nemushoko rake kwavari.

"Teerera kwandiri imi mose Judah navanhu veJerusarema! Tendai kuna Jehovah Mwari wenyu ipapo muchasimbiswa; tendai kuvaporofita vake ipapo muchabudirira" [v20]. Chokwadi pane icho chinoshamisa chinoitika kwatiri kana Mwari vakagoverana Shoko ravo nesu munguva dzokuidzwa nokutambudzika. Vane nyasha dzokubvumira zvipikirwa zvavo kuti zvidzikisise muhana nemupfungwa dzedu zvigotipa kudekara,simba, kunyarara uye netariro. Somuenzaniso, vangani vedu vakabatsirikana munguva dzekutambudzika neaya manzwi:

"Jehovah ndiye mufudzi wangu, hapana chandinoshaiwa. Anondivatisa pasi pamafuro manyoro, anondisesedza pamvura inozorodza, uye anoponesa mweya wangu. Anondifambisa panzira dzakarurama nokuda kwezita rake. Kunyange ndikafamba nomumupata womumvuri worufu, handingatyi zvakaipa nokuti imi muneni; tsvimbo yenyu nomudonzvo wenyu zvinondinyardza. Munondigadzirira tafura pamberi pavavengi vangu. Munozodza musoro wangu namafuta; mukombe wangu unopfachukira. Zvirokwazvo unyoro hwenyu nerudo rwenyu zvichanditevera mazuva ose oupenyu hwangu, uye ndichagara muimba yaJehovah nokusingaperi" [Pisarema 23].

Inzwazve aya manzwi anotekenyedza kubva kupisarema raDavhidhi 103: *"Rumbidza Jehovah, iwe mweya wangu; zvose zviri mukati mangu, ngazvirumbidze zita rake dzvene. Rumbidza Jehovah, iwe mweya wangu uye usakanganwa makomborero ake, iye anokanganwira zvivi zvako zvose, uye anoporesa kurwara kwako kwose, onodzikinura upenyu hwako kubva pagomba, uye anokushongedza korona yorudo netsitsi, anogutsa zvido zvako nezvinhu zvakanaka, kuti uduku hwako huvanfudzwe sohwegondo". [Mushoko raMwari, ndimo chete matinowana zvose. Ndimo matinowana kunyaradzwa munguva yokuidzwa. Inzwazve kuti muporfita Isaya anoti kudini pamusoro penyasha dzaMwari: "Jehovah ndiye Mwari nokusingaperi. Musiki wamagumo enyika haaneti kana kuziya uye hakuna angayera kunzwisisa kwake. Anopa simba kune avo vakarukutika, uye anowedzera simba kuna vane simba shoma, Kunyange majaya anoneta uye kurukutika uye anogumburwa agowa; asi avo vane tariro muna Jehovah vachavandudza simba ravo. Vachabhururuka namapapiro samakondo; vachamhanya vasinganeti, uye vachafamba vasingaziyi"*

"Nazvozvo" anoenderera mberi muporofita Isaya, *"usatya nokuti ndinewe, usavhunduka [kana kutya] nokuti ini ndini Mwari wako. Ndichakusimbisa uye ndichakubatsira; ndichakutsigira noruoko rwangu rworudyi rwokururama."* Pamusoro poudobo-dobo ihwohwo zvozonzi izvo, *"Nyararai uye muzive kuti ndini Mwari, ndichakudzwa pakati pendudzi dzose, ndichasimudzirwa panyika yose"* [Pisarema 46:10].

Chokwadika Shoko raMwari ingoma inoririra zvisina mukare akamboona. Rine uchi nemukaka,maiwe zvangu kani udobo-dobo mudya ndakasungwa chaiwo. Rega ndimboti zvangu mwii ndikuise pamutserendende wamashoko okunyaradza anobva mushoko raMwari. Inzwa: *"Vimba naJehovah nemwoyo wako wose, urege kuzendamira panjere dzako, munzira dzako dzose umutende, [naiye] acharuramisa nzira dzako"* [Zvirevo 3:5-6]

"Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika. Tendai kuna Mwari uye motenda nekwandiri" [Johane 14:1].

"Nyasha dzangu dzakakukwanira, nokuti simba rangu rinozadzikiswa muutere" [2 Korinde 12:9].

"Mwari wangu achazadzisa zvamunoshaiwa zvose maererano nokubwinya kwepfuma yake iri muna Kristu Jesu" [Firipi 4:19].

"Vakarurama vanodanidzira ,uye Jehovah anovanzwa; anovarwira pakutambudzika kwavo kwose. Jehovah ari pedyo navane mwoyo yakaputsika uye anoporesa avo vakapwanyika pamweya" [Ps 34:17,18].

"Rubatsiro rwangu runobva kuna Jehovah, muiti wedenga nepasi. Haangatenderi rutsoka rwako kuti rutedzemuke, muchengeti wako haangakotsiri. Zvirokwazvo , muchengeti waIsiraeri haangakotsiri kana kuvata. Jehovah achakurinda pakubuda kwako napakupinda kwako, kubva nhasi kusvika nokusingaperi" [Pisarema 121].

"Ngaarumbidzwe Mwari naBaba vaShe wedu Jesu Kristu, ivo baba vengoni naMwari wokunyaradza kwose ivo vanotinyaradza pamatambudziko edu ose..." [2 Korinde 1:3-5].

"Asi imi Jehovah, muri nhoo yakandipoteredza, munoisa rukudzo pandiri uye munosimudza musoro wangu. Kuna Jehovah ndinodana nenzwi guru, uye iye achandipindura ari pagomo

(Inoenderera Mberi Papeji 9)

(Kubva Papeji 8)

rake dzvene. Ndinovata pasi ndigokotsira, ndinomukazve, nokuti Jehovah anonditsigira" [Ps 3:3-5]. Ndinovimba nemi imi Jehovah, ndinoti, *"Ndimi Mwari wangu" Nguva dzangu dziri mumaoko enyu, ndirwirei kuvavengi vangu nokuna avo vanonditevera"* [31:14-15].

Kana uchivimba naJehovah, iye *"Achakufukidza neminhenga yake, uye uchawana utiziro pasi pamapapiro ake; kutendeka kwake kuchava nhoo yako.haungatyiswi nokuvhundusa kwousiku, kana nemuseve unopfuura masikati"* [Ps 91:4]. Nokuti ndini Jehovah Mwari wako, *"Mutsvene waIsiraeri, muponisi wako, paunopfuura nomumvura zhinji ini ndichava newe, uye paunopinda nomunzizi, hadzizokukukuri. Paunofamba nomumoto haungazitsvi"* [Isaya 43:2].

[Wahunzwa here nhai hama utapiri huri muBhaibheri shoko raMwari. Kuti kwaro dyo-o dyo-o ugobvuma zvechokwadi kuti pano paite hwatsvirira, Baba vave kutaura] Mudikani, pose paunozviona uri panguva yakaoma, bvumira Ishe kuti vashumire nokutaura kubukidza neShoko ravo. Vabvumire kubudikidza neshoko ravo kuti vakurangaridze nezverudo rwavo, simba ravo guru uye zvivimbiso zvavo izvo zvinomira nokusingaperi. Nokuti hazvinei kuti Mwari vakati vimbisa zvinhu zvizhinji zvakadii, zvose i"Hongu" muna Kristu. Uye kubudikidza naiye nesuwo tinoti "Ameni" kuti Mwari akudzwe [2 Korinde 1:20]. Bvumira shoko kuti ripinde zvakadzika dzika mumwoyo wako uye rigosimbisa kuvimba kwako kwavari. Wana simba rakapfurikidza rinouya apo Mwari vanotaura newe kuburikidza neshoko ravo. *"Naizvozvo ngatiswederei kuna Mwari nemwoyo wechokwadi nokutendeka kwakasimba kwazvo...ngatibatisisei tisingazungunutswi tariro yatinopupura, nokuti uyo akapikira akatendeka"* [Hebheru 10:23]. Uyo akakudanai akavimbika uye achakunyaradzai]. Ramba uchizvirangaridza ichi chinhu mudikani, kuti uyo akatanga basa rakanaka mauri acharipedzisa kusvika pazuva raKristu Jesu.

Teerera Mwari Wako

Kanapo Mwari vakavimbisa kurwira hondo yaJehoshaphati nevanhu vake uye nokuvasunungura kubva muiyi hondo huru, aikarirawo kuti navo vatore matanho okumuteerera. Vaifanira kufora vachinopikisa iyi hondo huru [vs 16-17]. Mwari akavimbisa kuti kana vakateerera mirairo yake, vaizowana achivasunungura [v17]. Mubvunzo mukuru waunofanira kuzvibvunza munguva yaunenge uri munguva yokutambudzwa nokutambudzika, ndewokuti hapangadaro here paine izvo Mwari varikuda kuti uite? Pamwe vari kuti usiye icho chitadzo chako chaunoita. Kana kudzorera izvo zvawakatora pasina mvumo. Kureurura zvivi zvako kune vamwe? Kuzvidzirisa nokuzvininipisa? Kuregererawo vamwe? Kana kutsvagawo rubatsiro kuna vamwe? Kuva wakavimbika kwaari uye kune vamwe vaunodyidzana navo?

Pamwe zvingangodarozve kuti Mwari vari kuti utore nguva yokuteererawo vamwe. Kushanda zvinesimba. Kana kumbozorora chaiko. Kudzidza kupa izvo zvaunazvo. Kugutsikana neizvo zvaunazvo. Kunyengeterera zvinesimba? Munechokwadi mumanzwi echimbo ichi: *"Keterera, ndiyo chete nzira, kufara kuna Jesu, asi kuteerera"*

"Vakakomborerwa avo vanoterera mashoko aMwari uye agoaterera" [Ruka 11:28].

Ipa mbiri nokutenda KunaMwari Wako

Rungano rwaJehoshaphati runoti nongedzerawo kukosha kwokurumbidza nokutenda Mwari nguva dzose. Somuenzaniso munamato waJehoshaphati wakazara nekurumbidzo kunaMwari. Zvakare Jehoshaphati nevanhu vake vakawira pasi mukumurumbidza nokumunamata Mwari. VaRevhiwo vakatambira aya manzwi nokumira uye vachirumbidza Mwari nenzwi guru [19]. Pavakanga vachifora kunorwa, vanhu vaive vakatungamirwa nevakanga vatumwa naJehoshaphati "Kuti vaimbire Jehovah uye varumbidze nokuda kwokunaka kwoutsvene hwake...vachiti *"vongai Jehovah, nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi. Pavakatanga kuimba vachirumbidza, Jehovah akaisa vavandiri kuti varwise varume veAmori uye vakakundwa. Mushure mokukunda ikoko varume vaJudha vachitungamirirwa naJehoshaphati. Vakapinda muJerusarema vakaenda kutenberi yajehovah nembira nemitengranwa nehwamanda"* [v27, 28].

Tinofanira kutanga iye nhasi kumurumbidza Mwari nokuvimbika kwake kanapo tisati tawana rubatsiro. Tinofanira kuramba tichimurumbidza nokumutenda nguva dzose, paanotanga kushanda uye tigofarisisa apo anenge atibatsira. Ramba uchiti, *"Ini ndicharamba ndichiimba nezvisimba renyu, ndichaimba nezverudo rwenyu mangwanani, nokuti imi muru nhare yangu, utiziro hwangu panguva dzokutambudzika"* [Ps 59:16-17].

Patinofarikanya munaShe nayewo anotipa zvishuwo zvemwoyo yedu, *"Vimba naJehovah uite zvakanaka gara panyika ufarikanye pamafuro manyoro. Farikana muna Jehovah uye iye achakupa zvinodikanwa nomwoyo wako"* [Ps 37:4].

"Jehovah ngaarumbidzwe, nokuti akanzwa kuchemera kwangu ngoni. Jehovah ndiye simba rangu nenhoo yangu, mwoyo wangu unovimba naye uye ndinobatsirwa. Mwoyo wangu unokwakuka nomufaro uye ndichamuvonga nenziyo" [29:6].

Gamuchira Runyararo Nezororo Kubva Kuna Mwari

Rungano rwaJehoshaphati runoguma neaya mashoko, *"Nyika yaJehoshaphati yakava norunyararo, nokuti Mwari wake akanga amupa zororo kumativi ose"* [30]. Icho chaive chokwadi panyama muumambo hwaJehoshaphati, chingangovawo chokwadi pamweya muupenyu hwedu samaKristu. Mwari ndivo chete vanokwanisa kutinunura kubva kuvavengi vedu, vagotipa zororo nerunyararo umativi ose. *"Uyai kwandiri imi mose makaneta makaremerwa, uye ndichakupai zororo"* [Mateo 11:28].

Patinoswedera pedyo naMwari tinosiya kufunganya kwose, tigowana rugare rwaMwari runopfuura kunzwisisa kwose,

(Inoenderera Mberi Papeji 10)

MHURI NEMISHA YEDU KUNAMWARI...

Kunze Kwokunge Jehovha Vaivakaimba

(Nouchenjeri Imba Inovakwa - Part 1)

naKim Butts

"Kana Jehovha asingavaki imba, vavaki vayo vanoshandira pasina. Kana Jehovha asinga chengeti guta, varindi varo vanomira vakarinda pasina" [Pisarema 127:1].

"Nouchenjeri imba inovakwa, uye kubudikidza nokunzwisisa nosimbiswa; Kubudikidza nezivo makamuri ayo anozadzwa nezvinhu zvinoshamisa uye nepfuma yakaisvonaka inoksha" [Zvirevo 24:3].

Kubva mubhuku reDuramanzwi re The American Heritage Dictionary of the English Language imba inoreva chivakwa, chiumbwa chinogarwa nemunhu, kana vanhu, zvikuru sei nemhuri. MuBhaibheri shoko raMwari, **"imba"** inomirira mhuri kana upenyu hwomunhu. 'Imba" ishoko rinomirirawo mhuri yokwenyu, kwete chivakwa chete [zvakaita samakichini kana maDhanduru] kana namabhedhirumu [imba yokuvata]. Naizvozvo kana tachiti isu, imba yokwanhingi tinenge tichireva mhuri yokwavo uye kare uye nanhasi munhu wose paiveri aive chionero cheimba [mhuri] yokwavo. [Chimwezve chinobata uye chatinoona kana nanhasi chaiye ndechokuti, kana wokwenyu akashinhwa, ngozi yacho yaitonobata bata mose vemuimba iyoyo]. Kusazvibata kwovokwenyu kwaito kana kuti regai nditi kunotokanganisa chimiro chemhuri yokwenyu. Editor] Ko nhai mudikani, mweyai uri muimba yokwenyu? [Imhepoi inovhuvhuta pakati penyu semhuri] Muri kuvimba here naBaba, uye muchivapa chinzvimbo chavo, soMusiki wazvose, kuti vabate zvose mukuvaka nokuvakurudza imba yenyu.

Pikisano youchenjeri HwaMwari nouUchenjeri Hwenyika.

Sokuziva kwedu tose, pane uchenjeri nokunzwisisa kwenyika kunopesana na Mwari Baba vedu. Zivo ingangotsanangurwa seuropi hwakatakura, kana kusenga zviga zvineudzamu zvezvakawanda uye nezvimwewo kubudikidza nenzira yokudzidza. Asika zvingangoitika kuti tizadzwe rweino nyika asi tisingazivisisi izvo zvatinoti tiziva. Uye kuva neruzivo rweino rwakadzama hazvitiiti vakachenjera panaMwari. Kazhinji idzo njere idzodzo dzinotiita mapenzi muzveumambo hwaMwari. *"Akachenjera aripiko? Akadzidza aripiko? Muiti wanharo wenguva ino aripiko? Ko Mwari haan kuita uchenjeri hwenyika ino upenzi here? Nokuti muuchenjeri hwaMwari, nyika kubudikidza nouchenjeri hwayo, haina kumuziva, Mwari vakafadzwa nazvo kuti vanotenda avaponese kubudikidza noupenzi hwezvakaparidzwa"* [1 Korinde 1:20-21].

Chokwadi ichi ndechakavandika uye chinoshamisa chokuti izvo pose apo vanhu venyika vanoona soupenzi nzira nokushada kwaMwari, chokwadi cheShoko raMwari chinoti izvo upenzi ihwohwo ndihwo hunopa upenyu husingaperi kune avo vanuhutambira.

Ungwaru hwakaperera, njere uye kunzwisia, zvinobva muhana yaMwari uye, tinozviwana chete kubva kuna Iye. Inzwa *"Kana mumwe wenyu achishaiwa uchenjeri ngaakumbire kuna Mwari, anopa zvakawanda kuna vose asingatsvaki mhosva, uye achapiwa hake"* [Jakobho 1:5]. Zviri pachena kubva paichi chinyorwa kuti, kuti iwe neni tiwane uchenjeri pamweya, tinofanira kudzimbira kuna Baba. Uchenjeri uhu hahuwanikwi nokushingaira kwedu aiwa. Saizvozvo, sokuronga kwovaMasimba ose, hurongwa hwake hwakasiyana kure

(Inoenderera Mberi Papeji 11)

Kuvimba Namwari...

(Kubva Papeji 9)

ruchirinda mwoyo wako nemifungo yako muna Jesu Kristu Jesu. Huvepo hwaMwari, zororo nerunyararo rwake zvakakosha zvikuru uye zvinotiyambutsa munguva dzokutambudzika. Kana Mwari ari kurutivi rwedu ndianiko nhai hama angatirwisa?' Haiwaka mupositori anoenderera mberi achiti "nokuti ndinoziva kwazvo kuti kunyange rufu, kana upenyu, kana vatumwa, kana madhimoni, kana zvazvino, kana zvichauya, kana masimba api zvawo, kana kwakakwirira kana kwakadzika kana chimwewo chinhu zvacho pazvisikwa zvose, hazvingagoni kutiparadzanisa norudo rwaMwari, ruri muna Kristu Jesu ishe wedu [VaRoma 8:38-39].

Mukupeta, mudikani, rega ndikusiire aya mashoko kubva mupisarema raDavhidha 27:

"Jehovah ndiye chiedza changu noruponeso rwangu, ndichagotyeiko? Jehovah ndiye nhare youpenyu hwangu, ndianiko wandingatya? Kunyange hondo ikandikomba mwoyo wangu hauzotongotyi, kunyange hondo ikamuka kuzondirwisa, ipapo ndichavimba naJehovah..Nokuti zuva rokutambudzika achandichengeta zvakanaka munzvimbo yaanogara, achandiviga mudumba retebhanekeri yake, agondikwidza pamusoro pedombo. Ipapo mosoro wangu uchasimudzirwa pamusoro pevavengi vakandipoteredza.Ndichamubayira zvibayiro patabhenekari yake nomufaro mukuru, ndichaimba ndigoimbira Jehovah nziyo. Inzwai inzwi rangu kana ndichidana , imi Jehovah; ndinzwirei ngoni mugondipindura Apo munoti kwandiri, 'Tsvaga chiso chake' Chiso chenyu Jehovah ndichachitsvaga. Ndichine chokwadi neizvi zvokuti: ndichaona kunaka kwaJehovah munyika yavapenyu. [Mudikani] Rindira Jehovha, iva nesimba, utsunge mwoyo ugomirira Jehovah [wako]" [1-14].

[Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kuKereke]

(Kubva Papeji 10)

namafungire enyika. *"Nokuti Jehovha anopa uchenjeri, uye mumuromo wake munobuda zivo nokunzwisisa"* [Zvirevo 2:6].

"Nouchenjeri Jehovha akateya nheyo dzenyika, nokunzwisisa akaisa matenga munzvimbo dzawo; noruzivo mvura dzakadzika dzakapatsurwa, uye makore akadonhedza dova" [Zvirevo 3:19-20]. SamaKristu tinofanira kutenda nemwoyo yedu yose kuti zvinhu zvose zvinobva mumaoko aMwari, kwete nokuda kwokushingairira kwedu. Simba redu rose ratinoisa pakuvaka dzimba dzedu harina maturo kana zvisina Mwari mukati. Kana tikawira mumiedzo yokuedza kana kuzama kuvaka nokuvakurudza dzimba dzedu nesimba redu, ngatizivei kuti tawira mumiedzo yokudzimaidzwa kwemeso edu nouyo wakaipa. Naizvozvo pane dzino nguva kana uri kuverenga iyi nyaya ugoona ringori simba rako raunoisa pakuvaka imba yako, imbomira zvishomana, utsvage uso hwaMwari mukutendeuka. Tanga nhasi kubvumira Mwari kuti vavakurudze imba yako kubvira pahwaro zvichikwira nenjere dzavo kwete kuvimba neuchenjeri hwerino pasi. Kune avo vanotenda kuti kana tikaunganidza zivo pamusoro paMwari, tingamuzivisisa uye zvichatitungamirira kunjere chaidzo idzo. Iyi hazvisirizvo kwete. Kungoziva Mwari chete nomusoro asi zvisingabvi pakati pakati pomwoyo upenzi. Inzwa, *"nokuti upenzi hwaMwari hwakachenjera kupfuura uchenjeri hwomunhu, uye utere hwaMwari hwakasimba kupfuura simba romunhu"* [1 Korinde 1:25].

NJERE DZINOUYA MUKUZVININIPISA

Bhuku yaZvirevo chitsauko gumi neimwe ganhuro yepiri inotiudza iyo kuti, "Kana kuzvikudza kwasvika, ipapowo kunyadziswa kwasvikawo, asi uchenjeri huri kune uyo akazvininipisa". Naizvozvo "kana" nenjere imba ichimiswa, isu tinofanira kuva nokuzvininipisa kunoonekera nokupa zvose kuna iye Mwari, Muvaki Wazvose. [Vabereki] Ino yave nguva yokuchera tichidzikisisa muzvokwadi yaMwari iyo inounza mhuri dzedu muizvoizvo zvakazara zvatakagadzirirwa naMwari, munaKristu, kuti imba dzedu dzigadzikane kubudikidza nokunzwisisa, uye imba iri ipi zvayo yose igozadzwa noupfumi hunobwinya nokuvaima. Kana tikasa teerera, Shoko raMwari rinotiudza uizvo kuti *"Jehovah anoparadza imba yomunhu anozvikudza.."* [Zvirevo 15:25a]. Ukuwo richiti zvakare "imba yowakarurama icharamba yakasimba" [12:7b]. Dzimba dzedu ngadzive dzimba dzovakaruruma, dzavatsvene.

Chokwadi Pamusoro Penjere

Uchenjeri chikamu chaMwari icho agara anacho kubvira nyika isati yavapo: *"Jehovha akandibudisa sebasa rake rokutanga pamabasa ake, kutangira mabasa ake akare, ndakagadzwa kubva pakusingaperi, kubva pakutanga, nyika ino isati yavapo"* [Zvirevo 8:22-23]. *"Mwari vakaita nyika nesimba rake akateya nyika nouchenjeri hwake, uye akatambanudza matenga nokunzwisisa kwake' [Jeremia 10:12]. "Haiwa Jehovha, mabasa enyu makaita nenjere. Nyika izere nezvisikwa zvenyu"* [Ps 104:24].

Vana vako vanoziva here Mwari somuMusiki wavo uye neurongwa hwake pamusoro poupenyu hwavo. Unovabatsira here nguva nenguva kuti vagare muuvepo hwaMwari vaine ukama naye hunokudzwa kubikidza neminyengetero nokurava Shoko rake. Uku mudikani ndiko kushanda pamwe chete naMwari mukuvaka imba yako.

Njere Dzinopihwa Chete naMwari uye hakunazve kumwe kwatingadziwana: *"Nokuti Jehovha anopa uchenjeri uye mumuromo wake munobuda zivo nokunzwisisa"* [Zvirevo 2:6].

Ko nahi hama, kana mwana wako akakubvunza mubvunzo nhasi, unomupa mhinduro maererano neruzivo rweino nyika here kana kuti unovanongedzera kuuchenjeri hwaMwari kubudikidza nechokwadi cheShoko ravo? Vna vedu ngavadzidziswe kutsvaga uchenjeri hwaMwari munazvose.

Jesu Kristu ari kwatiri uchenjeri hunobva kuna Mwari: *"Nokuda kwake, imi muri muna Kristu Jesu, uyo akava kwatiri uchenjeri hunobva kuna Mwari..."* [1Korinde 1:30].

Vana vako uri kuvadzidzisa here kutsvaga njere dzapamweya pose pavanenge vave munguva dzakaoma, pane kuti vatsvage rubatsiro kubudikidza noungwaru hweino nyika. Munovanongedzera here [savabereki] kuna Jesu Kristu nguva dzose pavari kudai kufambira mberi noupenyu hwavo uye vakatarirana neurongwa hwaMwari noupenyu hwavo.

Tinofanira kudzidza Kutya Mwari, ndiko kutanga kweNjere: *"Kutya Mwari ndivo mavambo enjere , vose vanotevera mitemo yake vanonzwisisa. Kurumbidzwa ndokwavo nokusingaperi"* [Ps 11:10]. Ko nhengo imwe neimwe yemhuri yenyu yakatora here Jesu samambo nomuponisi wake. Ko mhuri yenyu inonamata Mwari mukutya nokumukudza here? Vari kukura here pamweya zuva nezuva uye varikudzidza here kuramba vakamira muungwaru hwomweya , kana kuti vari kenyengerwa nezvoungwaru hweino nyika, hunotungamirira mukuraswa?

Kuti tiwane njere tinofanira kudzikumbira kuna Mwari: *"Kana mumwe wenyu achishaiwa uchenjeri ngaakumbire kuna Mwari, anopa zvakawanda kuna vose asingatsvaki mhosva, uye achapiwa hake."* Kana usisazivi kuti wobata sei izvo zviri pamberi pako, muimba menyu kana pabasa rako, unotora here matanho kubudikidza neungwaru hweino nyika kana kuti unokumbira njere kubva kuna Mwari. Inzwa *"Vimba naJehovah nomwoyo wako wose urege kuzendamira panjere dzako; munzira dzako dzose umutende uye acharuramisa nzira dzako. Usazviita munhu akachenjera pameso ako; itya Jehovah uvenge zvakaipa. Izvi zvichava utano pamuviri wako nokusimbiswa kwamapfupa ako"* [Zvirevo 3:5-6]. Unobvuma here kuvana kana mudzimai kana murume wako apo unenge usisina mhinduro dzakakwana padambudziko rinenge riri pamberi pako, ugoende kuna Mwari mumunyengetero uchitsvaga kuda kwake, sezviya zvakaita mambo Jehoshaphati, apo aive atarirana nomuvengi. Akanamata akamiririra mhuri yose yokwaJudah achiti, *"haiwa Mwari wedu hamunga vatongi here? Nokuti isu hatina simba rokutonga hondo yakadai iri kuuya kuzotirwisa hatizivi kuti tingaita sei asi meso edu akatarira kwamuri. varume vose veJudha, navakadzi vavo*

(Inoenderera Mberi Papeji 12)

(Kubva Papeji 11)

nevana vadiki, vakamira pamberi paJehovah" [2 Koronike 20:12-13].

Tinofanira Kunyengeterera Njere, tinekutenda kuti Mwari vanotipa: *"Nokuti paanokumbira [apa anoreva uyo asina njere] anofanira kutenda uye asinganyunyuti, nokuti uyo anonyunyuta akaita sefungu regungwa, rinosundwa uye richimutswa mutswa nemhepo. Munhu uyu ngaarege kufunga kuti achagamuchira chinhu chipi zvacho kubva kuna Mwari; ane mwoyo miviri, anongoshanduka shanduka mune zvose zvaanoita"* [Jakobho 1:6]. Vana vako vanotenda nokuziva here simba reminyengetero. Vanomiririra here kumhinduro dzinobva kunaMwari. Pane nyaya inotaurwa yezvavamwe mufundisi vakadana Kereke yavo kuti vanyengetere mvura pamwe chete, sezvo panguva iyi kwaive kusina mvura yainaya. Pavakange vakatarira chaunga chavanhu vaive vari mubishi rokunyengeterera mvura vakaona chimwe chisikana chakagara chichitizvifarira zvacho, asi padivi chine amburera. Pakuona izvi, mufundisi ava zvakavawira kuti kanapo vanhu vose vaivi vauya kuzonengeterera mvura, chisikana ichi chaive chauya chichikarira mhinduro kubva kuna Mwari. Chaitokarira kuti mvura ichanaya chete. Chaitenda chisikana ichocho nhai, *"naizvozvo ndinoti kwamuri zvose zvamunokumbira mukunyengetera, tendai kuti mazvigamuchira, uye zvichava zvenyu"* [Mako 11:24]. Uri kudzidzisa here vana vako kusava nepfungwa dzinomutswa-mutswa kana kungonyunyuta-nyunyuta. Kuti vamire vakasimba vachivimba nenjere dzaJehovah uye vachitora dzidziso dzaMwari kuti vasotorwe nedzidziso dzeino nyika kana dzeshamwari dzavo dzavanoona sedzakanaka. Mupositori Pauro anoti iye, "ipapo hatingarambi tiri vacheche, vanosundidzirwa shure nemberi vachipeperetswa kuno nouko nemhepo ipi zvayo yedzidziso, uye nokunyegera nousvinu hwavanhu mukutsausa kwokunyengera kwavo".

Kune dzidziso dzenhema dzakawanda dziri kungokandirwa kandirwa vana vedu mazuva ano, naizvozvo vanofanira kudzidziswa kunyengetera, kutenda, kushingairira, urongwa nezvinangwa zvaMwari muupenyu hwavo. Kana vana vedu vakasapiwa hwaro hwakadzika hwokutsvaga moyo neuso hwaMwari uyo anovapa simba rokumira vakasimba, havambozokwanisi kuumba kwavo kutenda kunomisidzana noupenzi hweino nyika. Dzidzisa vana vako kuti vabvumire Mwari kuvaka dzimba dzavo, kuti vasazowira kuzveino nyika izvo zvinoita sezvakachenjera asi zvichitungamirira kurufu. Kana vakasagara muna Jesu vangangozobvumira zvose zvinopotserwa nowakaipa muupenyu hwavo. Vanofanira kuziva kuti Mwari achavapa njere kana vakakumbira sokureva kunoita Jakobho 1:5.

Tinofanira kushingairira kugamuchira njere dzaMwari kana tadzikumbira kwavari: *"Kana ukatenda, uchawana zvose zvaunenge wakumbira mumunyengetero."* Kumhinduro, kuzvichemo zvedu, zve tiri maringe nechivimbiso chaJakobho 1:5, Baba vachatipa njere kubudikidza nokutinyevera mumwoyo yedu uye kubudikidza neShoko ravo. Sezvo shoko ravo risinganyepi uye riri rechokwadi, zvine musoro kuti shoko rake ndiro chete ratingavimba naro kuti tiwane njere. Chose chatingangofungira kuti tachinzwa kubva kuna Mwari tinofanira kuchisefa neShoko raMwari. Kana tikakumbira njere kuna Jehovah, asi tozotadza kumirira kuti zviitike sokuronga kwavo, tingangoedziwa zvakare, kuti tiite zvose musimba redu. Kangani apo tinonyunyutira Mwari, kana zvatinenge takumbira zvisina kuuya nenguva yatinotarisira. *"Hama dzinodiwa, kana mwoyo yedu isingatyi mhosva, tinako kuvimba pamberi paMwari uye tinogamuchira kubva kwaari zvose zvatinokumbira, nokuti tinoteerera mirayiro yake uye tinoita zvinomufadza"* [1Johane 3:21-22].

Imba yako [somubereki] inofanira kuvakwa nenjere dzinobva kunaMwari chete. Kana Mwari asiri iye muvaki hwaro hungangotsemuka uye ugova nechivakwa chisina maturo, chinowa nokudhirika. Muchikamu chinotevera tichatarira nehwaro hwatinofanira kuvakira dzimba dzedu.

"Naizvozvo munhu anonzwa mashoko angu aya uye akaaita, akafanana nemurume akachenjera uyo akavaka imba paruware. Mvura yakanaya, nzizi dzikazara uye dutu remhepo rakauya rikarova imba iya, asi haina kuputsika nokuti hwaro hwayo hwaiva paruware. Asi munhu wose anonzwa manzwi angu akasaaita akafanana nemurume benzi akvakira imba yake mujecha. Mvura yakanaya , nzizi dzikazara uye dutu remhepo rakauya rikarova imba iya uye ikawa nukuwa kukuru" [Mateo 7:24-27].

[Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kuKereke]

Ndingashambidzwa Nei?

Ndingashambidzwe nei?
Iropa raJesu chete;
Ndingatsveniswe nei?
Iropa raJesu chete.

Hakuna kucheniswa
Kunze kweropa raJesu,
Hakuna kuregererwa,
Kunze kwero raJesu.

Hakuna kununurwa,
Kunze kweropa raJesu,
Handigoni kurapwa,
Kunze kweropa raJesu.

Hapana rutariro,
Panze peropa raJesu,
Hapana kururama,
Panze peropa raJesu.

Itsime reropa
Rinondishambidza
Handizivi rimwe
Kunse kwerop raJesu chete.

Vechidiki Chenjererai Upenyu Hwenyu!

Mwari vanokudai uye vanokufarirai zvikuru kwazvo imi vechidiki. Mushoko ravo vanoti ivo 'regai vana vadiki vauye kwandiri uye musavadzivisa, nokuti umambo hwaMwari ndohwa vakadai". Naizvozvo vanodisa kwazvo kuvaraira meererano neshoko ravo. "Ko wechidiki anganatsa nzira dzake sei". [Munyori kuvaPisarema anopa uyu mubvunzo, auye agozvipindura achiti] *"Nokurarama zvinoenderana neshoko renyu"* [Pisarema 119:9]. Heanoi mashoko avo kwamuri imi vechidiki ane chinangwa chokuti murarame upenyu hunofadza uye hwakazara. Maverengei uye muabatisise mudzuhana dzenyu nokuti anoita kuti munatse nzira dzenyu. Moitaka somunyori kuvapisarema anoti iye, *"shoko renyu ndakariviga muhana mangu kuti ndirege kukutadzirai"* [119:11].

PAKUSARUDZA MUFARO, *"Regai zvakaipa zvose. Batirirai [kana kuti rambai makabatirira] kune izvo zvakanaka"* [1Tesaronika 5:21].

PAKUSARUDZA WAUCHACHATA NAYE, *"Masasungwa zvisina kufanira pajoko rimwe chete nevasingatendi. Nokuti kururama kungava noukama hweiko nokusarurama? Kana kuti chiedza chingawadzana seiko nerima? Ko Kristu nganzwanana seiko naBheriari? Ko mutendi anganzwanana seiko neasingatendi? Ko temberi yaMwari ingatenderana seiko nezvifananidzo? Nokuti imi muri temberi yaMwari mupenyu. Sezvazvakarehwa zvichinzi "Ndichagara pakati pavo ndigofamba navo, uye ndichava Mwari wavo, ivowo vagova vanhu vangu."*

PAKUSARUDZA SHAMWARI, *"Hamuzivi here kuti muviri yenyu itemberi yoMweya mutsvene, uyo ari mamuri, uye uyo wamakagamuchira kubva kuna Mwari. Hamusisiri venyu; makatengwa nemutengo [unokosha] nazvozvo kudzai Mwari nomuviri wenyu"* [1Korinde 6:19].

PAUNOSVOORWA PAMUSORO PEZVAUNOTENDA, Tora muenzaniso wavana Petro naJohane avo *"vakabva padare guru, vachifara nokuda kwokuti vakanga vanzi vakafanirwa kutambudzika nokuzvidzwa nokuda kwezita iri [raJesu].' Ngakurege kuva nomunhu anokuzvidza nokuda kwoudiki hwako, asi uve muenzaniso kuvatendi mukutaura, muupenyu, murudo, mukutenda uye napakuchena pamwoyo... Shingairira pazvinhu izvi, uzviite nomwoyo wako wose, kuitira kuti munhu wose aone upfuurira mberi kwako. Uzvichengete kwazvo iwe nedzidziso yako. Utsungirire pazviri, nokuti kana ukazviita, uchazviponesa iwe navanokunzwa"* [1 Timoti 4:12-16].

PAUNENGE UCHISHANDA PAMUSHA, *"Chinhu chakanaka zvikuru kuti munhu atakure joko rake achiri mudiki"* [Kuungudza kwaJeremiah 3:27].

PAUNENGE UCHIRAIRWA NAVABEREKI VAKO, *"Imi vana teererai vabereki venyu munaShe, nokuti ndizvo zvakanaka munaShe. 'Kudza baba namai vako' ndiwo murairo wokutanga uye murairo uyu une chipikirwa, "kuti uitirwa zvakanaka uye agare upenyu hurefu panyika"* [Efesu 6:1].

PAUNENGE UCHINONYORA MAZAMANISHONI, *"Tinyengetererei wo. Tine chokwadi chokuti tine hana yakanaka uye tinoda kufamba zvakanaka pazvinhu zvose"* [Heberu 13:18].

PAUNENGE UCHITAURA NEZVEVAMWE, *"Uvayeuchiudze kuti varege kuchera vamwe, kuti vave vakagadzirira kuita zvose zvakanaka, kuti vagare murunyararo, vaitire vamwe zvakanaka uye kuti varatidze kuzvininipisa kwechokwadi kuvanhu vose"* [Tito 3:2].

PAUNENGE URI PAZVEMITAMBO, *"Zvimwechetezvo, kana munhu achikwikwidza somumhanyi, haagoni kuwana korona yokukunda kunze kwokunge apedza nhangemutange sezvaakarairwa"* [2Timoti 2:5].

PAUNOTUKWA NOKUITA ZVAKANAKA, *"Asi mungarumbidzwa sei kana muchirohwa nokuda kwokuita zvakaipa uye muchitsunga mazviri. Asi kana muchitambudzwa nokuda kwokuiti munoita zvakanaka uye muchitsunga maviri, izvozvo zvinorumbidzwa pamberi paMwari"* [1Petro 2:20].

PAUNENGE UCHIRONGA NEZVERAMANGWANA RAKO, *"Rayirai nhambwe dzetsoka dzangu zviri maererano neshoko renyu, chivi ngachirege kunditonga"* [Ps 119:133]. *"Vimba najehovha nemwoyo wako wose, urege kuzendama panjere dzako, munzira dzako dzose umutende, iye achararamisa nzira dzako. Usazviita munhu akachenjera pameso ako; itya Jehovha uye uvenge zvakaipa. Izvi zvichava utano pamuviri wako nokusimbiswa kwamapfupa ako"* [Zvirevo 3:5-8].

PAUNENGE UCHISARUDZA VAVAKIDZANI, *"Musanyengerwa: Ushamwari hwakaipa hunoodza tsika dzakanaka"* [1Korinde 15:33]. *"Usaita ushamwri nomunhu ane hasha, uye usafambidzane nomunhu anokurumidza kutsamwa, kuti urege kudzidza tsika dzake, uye urege kuzviteya nomusungo"* [Zvirevo 22:24].

MUKUPETA, Mwari vane urongwa neupenyu hwako iwe wechidiki. Urongwa hwakanakisa uye hwokuti iwe wechidiki ubudirire. *"Nokuti ndinoziva urongwa hwandinahwo pamusoro penyu"*, ndizvo zvinotaura Jehovha, *"urongwa hwokuti mubudirire, kwete kukuitirai zvakaipa, urongwa hunokupai*

(Inoenderera Mberi Papeji 14)

"Patiri Mweya Wenyu Dururai"

"Saka akati kwandiri, 'Iri ndiri shoko rangu kuna Zerubhabheri: Hazviitwi nehondo kana nesimba asi nomweya wangu,' ndizvo zvinotaura Jehovha WaMasimba Ose" Zekaria 4:6.

Kana munhu achida uye kana achishuwira kubudirira mukukokera mweya yose yavanhu kuna Kristu, anofanira kupa Mweya Mutsvene chigaro chake chokutanga uye cheushe. Vazhinji vedu tinovimba nezvipo zvedu, kana kuvimba nounyanzvi pakutsetsa mharidzo dzedu, asika chokwadi ndechekuti zvose izvi hazvina maturo kana pasina kutungamirirwa naMweya Mutsvene. Hapana chimwe chinhu chinganyunguditsa unhinhi huri muvanhu,kana kunyorovetsa hana dzavanhu rukangarabwe pasi rino, kana kubheurira kunze kwose kuzvida, kuzvikudza, uye nougandanga huripo, kunze chete kwesimba reMweya Mutsvene unobva kumusoro.

Tisakanganwe kuti chipo ichi [simba reMweya Mutsvene] ndicho chakawira pamusoro pehana dzakaoma dzavaFarise navanyori pazuva rePendakosti, chikakonzera vane zviuru zvitatu kutendeukira kuna Mwari. [Mabasa Avapositori 2:38-42] Mharidzo yaPetro yaiva isina unyanzvi kana kutsetseka kwamanzwi, zvikuru sei kana tichiera nameso eino nyika, kana kuti tingati yaive yakanyatso kwenenzverwa zvine unyanzvi sokushuwira kungaita vadzidzi veBhaibheri [Shoko raMwari] nhasi, asika imharidzo yakaburutsira varume navakadzi kuna Kristu vari muzviuru nezviuru zvakaurururana.

Mharidzo dzaipiwa naJohn Wisiri [mutangi wekereke yamaMethositi] dzaive dzisina kutsetseka zvineunyanzvi, kana kuva neuchenjeri hwapamusoro, asi dzaive dzakanyoroveswa nesimba rokumusoro, reMweya Mutsvene. Ndizvo zvakaita kuti avese moto wemutsiridzo wakapfuta kuzadza nyika yose uye wakapfuta kwenguva ndefu.

[Muparidzi mukuru anemukurumbira anozivikanwa mupasi rose] Charles Finney, mushure mokumirira chipo ichi, chokubhabhatidzwa neMweya Mutsvene nemoto akadururira mharidzo ine simba iyo yakatendeutsira nyika yose kudhorobha regoridhe. Sammy Morris, mukomana hedheni chizvarwa chemuAfica, akatsvaga nemwoyo wake wose akariwana iri simba reMweya Mutsvene, uye chiripo ripocho akave moto unopfuta zvisina mukare akamboona, achitungamira vazhinji kuna Jesu Kristu. Panguva yaakatambira Mweya Mutsvene aive ari dofo zvaro ramakoko, asingazivi kana vara rimwe chete zvaro pamutsetse wamavara, asika kubvira ipo akazodzwa Sammy Morris akatanga kushumiri kumwoyo mizhinji yaive nenzara nenyota muudofo nokukakama ikoko, uye vazhinji vakasakurwa nokuzunzwa-zunzwa nemharidzo dzake sezvirimwa zvekoroni zvinorimirwa pasi negejo.

Hongu, chivanhu chokunatsurudza nekugadzirisa, hatichirambi kwete, zvinodiwa uye zvine nzvimbo yazvowo, asika izvi hazvisizvo zvingatendeutsiri vazhinji kubva kuzvivi zvavo, uye kuti vave vatsvene vanomirira zuva raShe rokutongwa. Chinzwa iwe muverengi wangu [ndoreva iwe uri kuverenga chipepa ichi pane dzino nguva] , pane zvose zvaunoita kana pane izvo zvauchaita, ndapota iva nechokwadi chokuti wakazadzwa nechipo ichi cheMweya Mutsvene uye kuti une moto unopfuta unobva kumusoro. Hazvina kukosha kungova neMweya Mutsvene chete, asi zvinodawoka kuti umuteerere uye uve pasi poutongi noutungamiri hwake. Iyi ndiyo chete nzira yokubudirira nokukunda mubasa rose romumunda.

[Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kuKereke]

O Dai taonazve riya rimi remoto mupenyu,
Riya raibwinya muvakristu vakare zvinoupenyu;
Rakaiita upenyu hwavo hudakarire zvinhu zvedenga;
Mukutambura vakapomhodzwa, munjodzi vane kushinga.

Rangarirai,nhai Ishe, aya mazuva akare,
Mutsiridzaizve renyu basa, nyasha dzoredzerai,
Apo kwamuri dzedu hana mukuchema tinosimudza,
Patiri wenyu Mweya mutsvene dururai.

J.M Humphrey [From the April 1993 Herald of His Coming]

Vechidiki Chenjererai...

(Kubva Papeji 13)

tariro neramangwana rakanaka. Ipapo muchadana kwandiri uye muchauya kuzonyengeterera kwandiri, neni ndichakunzwai" [Jeremiah 29:11]. Vanoshuvira zvikuru kushanda nwewe kuti vazadzikise hwavo muupenyu hwako. Iwe ndiwe chete ungangovhiringidza urongwa ihwohwo. Ndapota usahuvhiringidze urongwa ihwohwu. Mwanangu wangu usakanganwa kudzidzisa kwangu, asi uchengete mirayiro yangu mumwoyo mako, nokuti zvichawedzera makore mazhinji kuupenyu hwako uye nokubudirira. Pamusoro pazvo zvose chengetedza mwoyo wako, nokuti ndich chitubu choupenyu hwako'. Chenjerera kuti uteerere mirayiro yose yawakapiwa.. usatsaukira kurudyi kana kuruboshwe, kuti ubudirire kwose kwaunoenda. Bhkuk iyi yomurairo haifaniri kubva pamuromo wako; fungisisa pamusoro paro usiku namasikati, kuti uchenjerere kuita zvose zvakanyorwa mairi uye ipapo uchabudirira. [Joshua 1:7,8].

[Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kuKereke].

Ane Nzeve Dzokunzwa Ngaazwe....

Pandakamuona ,ndakawira patsoka dzake kunge ndafa. Ipapo akaisa ruoko rwake rworudyi pamusoro pangu akati, "usatye. Ndini. Wokutanga neWopedzisira. Ndini iye Mupenyu; ndakanga ndafa, uye tarira ndiri mupenyu nokusingaperi peri! Uye ndakabata kiyi dzorufu neHadhesi. Nyora mubhuku rakapetwa zvaunona uye ugozvitumira kukereke dzokuEfeso... neSadhisi...

Kumutumwa weKereke iri muEfeso nyora uchiti: "Aya ndiwo mashoko aiye akabata nyeredzi nomwe muruoko rwake rwurudyi uye anofamba pakati pezvigadziko zvinomwe zvemwenje: ndinoziva [uye ndiri kuaona] mabasa ako, kubata kwako nesimba uye kutsungirira kwako. Ndinoziva haudi kuonana navanhu vakaipa, uye kuti waedza avo vanzviti vapostori asi vasiri ivo, uye ukawana vari venhema. Wakatsungirira uye ukava nomwoyo murefu pakutambudzika nokuda kwezita rangu uye ukasaneta.

Asi ndine mhosva iyi newe; ***wakasiya rudo rwako rwokutanga.*** Ndapota rangarira apo pawakwa! Tendeuka uye uite zvinhu zvawakanga uchiita pakutanga. Kana ukasatendeuka, ndichauya kwauri ndigobvisa chigadziko chako chomwenje panzvimbo yacho. Asi chinhu ichi unacho: Unovenga mabasa avaNikorati, andinovenga neniwo. Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kukereke. Kuno uyo anokunda, ndichamutendera kuti adye zvinobva pamuti woupenyu, uri muparadhiso yaMwari.

Kumutumwa weSadhisi nyora uchiti: "Aya ndiwo mashoko aiye akabata mweya minomwe yaMwari uye nenyeredzi nomwe. Ndinoziva mabasa ako, ***unonzi uri mupenyu asi wakafa***. Muka! Simbisa zvakasara zvodazve kufa, nokuti handina kuona mabasa ako akakwana pamberi paMwari wangu. Naizvozvo rangarira zvawakagamuchira nezvawakanzwa; uzviteerere, uye utendeke. Asi kana ukasapepuka, ndichauya sembavha, uye haungazivi nguva yandichauya nayo kwauri. Asi pakati pako una vanhu vashoma vasina kusvibisa nguwo dzavo. Vatsvene uye vachafamba neni, vakapfeka nguo chena, nokuti ndivo vakafanira. Handingazodzimi zita rake pamberi paBaba vangu navatumwa vavo. Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kukereke. Akaropafadzwa anoverenga mashoko ouporofita uhu, uye vakaropafadzwa avo vanohunzwa uye vagochengetedza pamwoyo yavo zvakanyorwa imomo, nokuti nguva yava pedyo" Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kuKereke. [Zvakazarurwa 2: 1-7; 3:1-6]

"Jesu kapindura akati, 'Kwakanyorwa kuchinzi, "Munhu haanga rarami nechingwa bedzi, asi neshoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwar""" (Mateo 4:4).

Hewoi Mweya Wadururwa

Na Godfrey Ndiriwenyu

Nhai veduwee! Dondipaiwo dzenyu nzeve munzwe!
"Mumazuva okupedzisira", Jehovah ndizvo zvaanotaura,
"Pamusoro pevanhu vose, wangu Mweya ndichadururа,
Vachaporofita vanakomana uye navanasikana venyu,
Majaya achaona zviratidzo,hope vachirotawo vatana venyu".

Mazuva okupedzisira heano ndiwaya gogogo asvika,
Pamusoro pavarume navakadzi Mweya heuno wodururwa,
Hakuchina mukadzi kana murume, pachake chigaro tasvika,
Pamusoro pavaranda vake heunoka Mweya wodururwa,
Tave vadyi venhaka tose maererano nechaKristu chipikirwa.

Zvanzizve "Ndicharatidza zvishamiso kudenga kumusoro,
Nezviratidzo pasi panyika, uye mhute noutsi, moto neropa,
Richashanduka rikava rima zuva, mwedziwo uchava ropa",
Chiratidzo choMweya munongedzo wokuuya kwaShe,
Tagadzirira 'ere kunomutambira mumakore wedu Ishe.

Zuva raShe roswedera, zuva guru rokubwinya kwake,
Tsvagai Jehovha achawanikwa, tsvagai nhasi nzira dzake,
Akashata ngaasiye nzira dzake, akaipa mirangariro yake,
Ngaadzokere kuna Jehovah iye wengoni nekanganwiro,
Nokuti, "ani naani anodana kurake zita achaponeswa".

Okupedzisira pfacha heano mazuva ndiwaya asvika,
Kudururwa kwoMweya munongedzo wezuva raShe kusvika,
Pamusoro pavarume navakadzi heuno Mweya wodururwa
Mukadzi, murume, hakuchina pachigaro chake tasvika,
Heunoka Mweya pavaranda vake pfacha-a wodururwa,
Ko tagadzirira here wedu Ishe mumakore kunomutambira?

Tsamba Kubva Kuvaverengi...

Ratidzo yokushanda kwesimba rinobva kumusoro

Mupandawana

Ndinokumbirawo rubatsiro rwenyu kubudikidza nemabhuku uye nemagazini yenyu yeMharidzo Yokuuya Kwake. Makambonditumira as iye zvino haachauyi saka ndaikumbirawo kuti munditumirezve uye nemamwe mabkuku ane chokuita nokuuya kwake.Ini ndinogara kumaruwa saka ini nevanhu vandinoparidzira tinodawo rubatsiro rukuru kwazvo kubva kwamuri. Ndinoshuwira rubatsiro rwenyu zvikuru. Mwari ngaakukomborerei...

Ngundu

Bepa renyu ndakariona, uye rakandibatsira zvikuru nesimbiso, nyaradzo dziri mariri. Ndinishuvira kuti munditumirewo remwezve bepa **reMharidzo** kana akati wandei ndapota. Kumasangano edu tinoita zvirongwa zvokudzidza maBhaibheri izvo zatinoti maBible Study uye nemaAll night prayers umo tiri kuona Mwari achitiira zvakanaka chaizvo. Zvikumbiro zvedu zveminato zvatinokupai tinoshuwira kuti kwose kwarinoparidzwa Shoko rake Mwari vazarure mirangariro yavanhu vatendeuke uye vasvike pakumuziva Mwari sIshe nomuponisi wavo. Ndinokutendai zvikuru nebepa renyu baba.

Mataga

Ndinotenda zvikuru neshoko randakanzwa muchinyorwa chenyu che**Mharidzo** yapfuura. Ndapota ndinokumbira munditumirewo zvimwezve zvidzidzo zvakawanda zvechishona. Ini ndiri mai vane makore 54 uyezve ndine vana vapfumbamwe, vasikana vaviri nevakomana vanomwe. Minamato yangu mikuru iri pamhuri yangu uye pepa renyu randibatsira kukudza mhuri yangu zvakanaka. Pepa rechishona ndakaripiwa nemwana wangu Justice anova iye wechisere. Aiwa ndakafara zvikuru uye ndinotenda nezvandakaverenga. Ndapota ndibatsireiwo handina pamwe pandingawana zvidzidzo sezvenyu. Mwari akuitirei zvakanaka mose.

Marondera

Changamire—Chokutanga nokutangisisa ndinoda kukutendai zvikuru norutsigiro rwamunotipa mukuparidzira Shoko roweDenga. Mharidzo yeJesu inofanira kuparidzwa uye rufu nokumuka kwake kunofanira kuudziwa munhu wose.Haiwa dai Mwari varamba vachiwedzera zvakapetwa kazana kubasa guru ramuri kuita. Nyasha norudo rwaMwari ngazvirambe zvinemi kusvikira achiuya. Ndingafara zvikuru kana mukanditumirawo pepa renyu rakakomborerwa reMharidzo. Hama tinyengetereriwo. Tine chokwadi chokuti tine hana yakanaka uye tinoda kufamba zvakanaka pazvinhu zvose. Mwari worugare ngaakukwanisei pazvinhu zvose zvakanaka kuti muite kuda kwake.

Chikumbiro

Bepanhau reMharidzo ringafara zvikuru kana rikawana tsamba dzinobva kwamuri. Ndapota tumirai tsamba dzenyu muchitiudzawo kuti murikuzvinzwa sei zvatiri kukupakurirai uye nezvamunokarira kuti dai zvawedzerwa. Tiudzeiwo kuti Mwari muri kumushandira sei uye kuti ari kushandawo sei mumasangano enyu. Titumireiwo zvikumbiro zveminyengetero. *"Tarirai zvakanaka sei kana hama dzichigara pamwe chete murugare... Nokuti ndipo Jehovha akaraira kuropafadza kwake, ndihwo upenyu husingaperi"* [Ps. 133:1,3]. Tumirai tsamba dzenyu pakero inoti:

Mharidzo Yokuuya Kwake
1257 Emganwini
P.O. Nkulumane
Bulawayo

Kana pa: mharidzo4Him@yahoo.com

Chivi Nekudzikinurwa

Mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira chirango chacho pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* [Isayo 53:5], Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, [VaRoma 6:11-14]; kana tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38,39; VaRoma 10:9,10].

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* [VaRoma 3:23]. *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* [VaRoma 6:23].
2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* [Isaya 55:7].
3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* [1 Korinde 15:3,4], vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"...Kana ukapupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa"* [VaRoma 10:9].
4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifamba maari"* [VaKorose 2:6].